## Адыгэ жылагъуэхэм я щІэнгъуазэ

№44

• Тхыдэ




# Хабзэмрэ нэмысымрэ ягъэнэхъапэ

**<u>1804, 1810, 1816 гъэхэм пащтыхьыдзэм и генерал пашэхэу Глазенап, Булгаков, Ермолов сымэ дзэшхуэхэр ящІыгъуу Джылахъстэнейм къытеуауэ щытащ икІи къуажэ щэныкъуэм хуэдизым лъапсэрыхыр къыхуагъэкІуащ. Зэратхыжымкlэ, зэтрамыгъэсхьауэ къэнар къуажибгъу къудейт, цІыхуми щІыми леишхуэ ирахат. НэщІ хъуа щІыхэм къэзакъхэр кърагъэтІысхьащ, нэхъ гъунэгъуІуэу къыщыс шэшэнхэми мышкъышхэми ди щІы кІапІэхэм щыщ яубыдащ.</u>**

БОЛЭТЕЙ жылэжьыр нэхъ пасэхэм здэщысар иджы Псыдахэкlэ зэджэ щІыпІэм дежщ. НтІэ, а зэман хъыжьэу лъапсэрыхыр адыгэ лъэпкъым къыхуэзыгъэкlуам иужькlэ, лlакъуэлlэшхэм къахэкlауэ псэууэ къэнэжахэм псэупІэщІэ къалъыхъуэу хуежьащ. Уэркъ щІалэ Болэткlэ зэджэр къежьэри, иджыпсту жылэр здэщысым деж къытеувыІащ. ЩІыпІэр дахащэт: Тэрч Іуфэт, абы къыпылъ тафэ щхъуантІэхэр былым хъупІэт, псым и сэмэгурабгъумкlэ мэзышхуэ екІуэкІырт. Арати, щІыпІэр игу ирихьри, Болэтыр абдеж щетІысэхащ, къуажэри яухуэу хуежьащ. А зэманым Индрей ЦІыкІурэ Индреишхуэкlэ еджэу жылитІ ипщэкlэ бгы лъапэм къытест. А къуажэ цІыкlуитІыр, зэратхыжымкlэ, 1774 - 1775 гъэхэм абдеж къэтІысат. Болэтейр и ныбжькlэ жылэ нэхъыжьхэм хабжэ, икІи и лъабжьэр 1845 - 1847 гъэхэм къыщожьэ, ауэ къуажэм дэт кхъэм къыхэнауэ хэт мывэ сын закъуэтІакъуэхэм тет илъэс бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, 1825 - 1827 гъэхэм къуажэр яухуэн щІадзауэ хуэбгъэфащи хъунущ.

Болэтей къуажэм къыпытІысхьащ къумыкъу, шоркъалэ хьэблэкlэ зэджэ жэмыхьэтхэр. Нэхъ иужьыІуэкlэ, хуэмхуэмурэ хьэблитІри Болэтейм хэшыпсыхьыжащ. Шоркъалэ хьэблэм дэса Шорэхэ Балъкъэр унэцІэр зыфІащыжащ. Индреишхуэри Индрей ЦІыкІури унагъуэ зырыз-тІурытІурэ бгым къехыурэ Болэтейм къахэтІысхьащ. А щІыкlэм тету зиужьурэ, Болэтейр къуажэшхуэ хъуащ. Къуажэдэсхэм Іэщ гъэхъунымрэ гъавэ щІэнымрэ зратащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ: XIX лІэщІыгъуэм пщІондэ болэтейдэсхэр щІым зэрытелэжьыхьу щытар пхъэІэщэм выхэр щІэщІауэт. Нэхъыбэу ягъэкlырт хьэр, гуэдзыр, иужькlэ, XIX лІэщІыгъуэм и кІэхэм, нартыхур хасэу хуежьащ. Гъавэр гъубжэкlэ Іуахыжырт, зэээмызи шэмэджкlэ. ХадэхэкІхэм щыщу хъарбызыр, хъэуаныр, къэбыр, бжьыныр нэхъ къайхъулІэрт. Гъавэ къаІэрыхьэр яхьэжын папщІэ, щхьэл мыинхэр ящІырт, Іэлъэныкъуэ щхьэлхэри щыІэырт. Апхуэдэуи болэтейдэсхэр жыджэру хэтт бжьэ гъэхъунымрэ щэкІуэнымрэ. БжьаІуэхэр зей хабзэр уэркъхэмрэ пщыхэмрэт. Къалэжьым и Іыхьэ никъуэр Мэздэгу, Къызлар бэзэрхэм яшэрт. Жылагъуэм пэгъунэгъу мэзхэмрэ губгъуэхэмрэ къуалэбзукlэ, хьэкІэкхъуэкlэкlэ бейти, мыхьэнэшхуэ иІэт щэкІуэнми. МэкъумэшыщІэ унагъуэхэм фэм, цым къыхащІыкІ я упщІэхэм, бащлъыкъхэм, пыІэхэм щІэупщІэ яІэт.

Къумыкъу Тыгъуэн «Экономическое и культурное развитие Кабарды и Балкарии» и тхылъым къызэрыщихьымкlэ, 1890 гъэм ирихьэлІэу Болэтей къуажэм унагъуэ 233-рэ дэст, гъавэ щІапІэу гектар 13942-рэ яІэу.

Іэщ гъэхъуным хъер къыхахырт. Блай зэкъуэшхэу Алимырзэ, Мухьэмэдмырзэ, Хьэжумар, Башир сымэ шы 200-м нэс яІэт, бжэну 300, жэму 50 ягъэхъурт. Балъкъэрхэ Асхьэдрэ Мэдрэ бжэн 800-м нэблагъэ ягъэхъурт, Мэкъуауэхэ Сэрэбий, Блам, Машэ, ФІыцІэ сымэ бжэн минитІ яІэт. Абы щыгъуэми щыІэт Іэщ зимыІэ унагъуэхэри. Апхуэдэхэм я унагъуэр ягъэшхэн папщІэ, я щІы Іыхьэхэр ятт е ящэжырт, зыри мыхъужыххэмэ, лэжьакlуэ щІыпІэ жыжьэхэм кlуэрт. КъыжыІэпхъэщ Къамбыкъуэ Къанэмэт илъэсибгъукlэ Тыркум лэжьакlуэ зэрыщыІар. ХьэтІэхъу Гуцырэ, Хьэжу Хьэмид, Сыкъун ЦыкІунэ сыми Америкэм илъэситІкlэ щыІэгъауэ щытащ. Хьэжу Хьэмид къигъэзэжа иужь, Тэрч псыежэхым и Іуфэм щхьэл трищІыхьат.

Болэтейдэсхэм сыт щыгъуи ІэпщІэлъапщІагъэр къадэгъуэгурыкІуащ. Гъукlэ Іэзэу къуажэм дэсащ Фанзий Темыркъан. Я щІакІуэхэмкlэ бащлъыкъхэмрэ пыІэхэмкlэ я цІэр жыжьэ щыІуат Хъанийхэ Быхуэрэ Блацэрэ, Балъкъэр Сасэ, Къэбардэ Хужь сымэ. Гуэгуэнхэр, сэхэр, нэгъуэщІ хьэпшыпхэри хьэлэмэту ищІырт Гуэбэшы Тэулин. Лъэпкъ фащэм пкърылъыпхъэхэр ягъэхьэзыру щытащ Хъаний КІуэкІуш, Урысыкъуэ КІунэ, КІэнцІалий КІурицэ, Балъкъэр Гуланэ сымэ.

Тыкуэнхэр япэу зыгъэлэжьахэм ящыщщ Дадэ Асхьэд, Хьэшыр Машэ, Щэныбэ Мэрем, Жылау Хьэцу сымэ. Болэтейм бэзэр къэунэхуа иужь, абы къекІуалІэу щытащ ХьэпцІей, Абей къуажэхэм, гъунэгъу станицэ зыбжанэм щыпсэухэр. Сату Іуэхухэм ухэтын щхьэкlэ лэжьыгъэм зэрыхэпщІыкІын хуейм и мызакъуэу, урысыбзэри фІыуэ щІапхъэт. Абыкlэ болэтейдэсхэм сэбэп къахуэхъуауэ жыпІэ хъунущ Тэрч и сэмэгурабгъу ІуфэмкІэ къыщыс урысхэр. Къэзакъ станицэхэу Черноярская, Екатериноградская, Прохладненская, Павлодольская, Луковская, нэгъуэщІхэми драгъэкІуэкІ экономикэ зэхущытыкІэхэм къадэкІуэу, зэныбжьэгъугъэри яку дэлът, апхуэдэу болэтейдэсхэм бзэри зрагъащІэрт, Іуэхуми нэхъ хэгъуэза хъурт.

XIX лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм и кІэхэм Болэтей къуажэ унагъуэ 263-рэ дэст, цІыху 1579-рэ хъууэ. Къуажэ хасэ, мэжджыту 5, пощт, сату щІапІэу 9, пэщІэдзэ школ, фельдшер пункт - арат иІэр.

Революцэм япи иужькІи цІыхугъэрэ хабзэрэ зыдэлъ къуажэ нэхъыфІхэм хабжэу щытащ икІи щытщ Болэтейр. Индрейр къызытехъукІа Индэрхэ щыщи Болэтейр къызытехъукІа Болэтхэ щыщи иджыпсту къуажэм зыри дэсыжкъым, Истамбылакlуэм и зэманым ахэр Тыркум кlуауэ хуагъэфащэ.

1912 гъэм молэ ГъумкІэ еджэу жылэм дэса духьэшым и жэрдэмкІэ мэжджыт дахэ къуажэм дащІыхьащ. А зэманым абы нэхъ уардэ Кавказ Ищхъэрэм щымыІауэ яІуэтэж. Революцэ нэужьым, дин лэжьакІуэхэр зэхэзехуэн щащІым, пщІэ лъэпкъ игъуэтыжакъым а мэжджытым, гъавэ щІэкІутапІэ ящІыжауэ щытащ. 1943 гъэм къуажэр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм яубыда нэужь, мэжджытыр ямыкъутэу къэнат, арщхьэкІэ зауэ нэужь илъэсхэм Тэрч Іуфэ къетІысэкІауэ Іус жылэр псым игъэпІейтейуэ хуежьащ, тафэр зэрыгуилъэсыкІым къыхэкІыу. Абы игъэгужьея къуажэдэсхэм я унэхэр якъутэжурэ бжьэпэм къыдэкІыу щІадзащ. Хъаний Пётр колхозым и унафэщІу щылэжьа илъэс тІощІым къриубыдэу выгурэ шыгукІэ жылэр къуэкІийм къыдэІэпхъукІри, Джылахъстэнейм щынэхъ дахэ дыдэ къуажэхэм ящыщ зы яухуащ. Тэрч увыІакъым, къуажэр зытеса щІым и никъуэр ихьыху. Мэжджытри якъутэжри, къумыкъукхъэкІэ зэджэм зы унэ цІыкІу дащІыхьыжащ, нэмэз щыпщІ хъууэ.

Зауэм и пэм щегъэжьауэ абы и къэзэуатымрэ бэлыхьымрэ зышэча, Берлин къыщащтэм хэта Хъаний Пётр къуажэдэсхэм фІыуэ ялъагъурт, пщІэи хуащІырт. Апхуэдиз хьэзаб зышэча лІыр къэгубжьыгъуафІэт, щІэхыуи теужырт. Мис а гъэ гугъухэм Пётр псэукІэщІэ зэтеувэжыным и лъабжьэр игъэтІылъауэ жыпІэ хъунущ.

КЪУАЖЭМ хабзэрэ нэмысрэ дэлъу къызэрыгъуэгурыкІуар къулыкъу зыІыгъахэмрэ лІыжь Іущ дэсахэмрэ я фІыгъэщ. Абыхэм я акъылымрэ я тэмакъымрэ адрейхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ, нэхъыжьыфІхэм пхаша лъагъуэ угъурлым дахэу техьэри. Ар нэхъ ин икІи бгъуфІэ ищІащ илъэс 17-кІэ колхоз унафэщІу лэжьа Хьэжу Анатоли. А зэманым къриубыдэу а лІым илэжьамрэ жылэм хуищІамрэ лъытэгъуейщ: хабзэ дахэмрэ цІыхугъэ лъагэмрэ къигъэщІэрэщІэжащ, цІыхухэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэригъэпэщащ, езы къуажэр бей хъунымкІэ и гуащІэ еблэжакъым.

**НЫБЭЖЬ Михаил**,
*КъБР-м щІыхь зиІэ и агроном.*



# Хьэжум и зэфІэкІ

**<u>Болэтей щыщ Хьэжу Владимир Натрыб и къуэм къиухащ Механикэмрэ оптикэмкІэ Ленинград институтыр. Менделеев Дмитрий и цІэр зезыхьэ ВНИИМ-м и технологие центрым Владимир инженер нэхъыщхьэм къыщыщІэдзауэ и унафэщІым деж щыщІэкІыжу къулыкъу зэхуэмыдэхэр щиІыгъащ.</u>**

А ЛЪЭХЪЭНЭМ къриубыдэу, Хьэжум аспирантурэри къиухащ, и кандидат лэжьыгъэри пхигъэкІащ. КъинэмыщІу, абы къиухащ Ленинград дэт инженер-ухуакІуэ институтыр, нэгъуэщІхэри. ЗэманыфІкІэ ар лэжьащ «Межрегионгаз» ІуэхущІапІэм и унафэщІу. 1969 - 2000 гъэхэм къриубыдэу Хьэжум щІэныгъэ лэжьыгъэу 100-м щІигъу къыдигъэкІащ.

Владимир Урысей метрологие академием и академикщ, 2000 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «УФ-м щІыхь зиІэ и метролог» цІэр. Абы къратащ УФ-м щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтыр.

**ЦЕКЪУЭ БэІилэ**.

# Къуажэм узыщрихьэлІэ унэцІэхэмрэ ахэр зезыхьэхэм я унагъуэ бжыгъэмрэ

Абазэ
Ажэдыгъу
Алэщ
Алъхъэс
Ащхъуэт
Балъкъэр
Берычэт
Багъэтыр
Болэ
Бэлэтокъуэ
Бондарь
Ботэщ
Гъэсашэ
ГуэбэщІыкІ
Джазэ
Дадэ
Дыщокъуэ
Иуаз
Емуш
Жылау
Жыкъуэ
Журт
Иризэ
Къэбарт
Къазмыхь
Къамбичэ
КІэнцІалий
КІарэ
Къуэдзокъуэ
КІуэкІуэ
Куэшэр
Къущхьэ
Лыкъуэжь
ЛІэужь
Мэкэней
Мэкъуауэ
Мамрэш
Мэремкъул
НабытІэ
Наурыз
Наурзокъуэ
Ныбэжь
Уэрыш
Пэшол
Сэбан
Сэмар
Семэн
Сыкъун
Тап
Темрокъуэ
Тохъу
Тхьэгъэзит
Урысыкъуэ
Фэнзий
ФиІэпщэ
Хэгъур
Хамэ
Хъаний
Хьэпэлажьэ
Хьэпэ
Хьэшыр
Шакъ
Щэныбэ
Щокъул
Шыгуанэ
Шыгъушэ

***Жылэм нэхъ лъэпкъышхуэу дэсщ Балъкъэрхэ (35), Хамэхэ (37), Жылаухэ (29), Дадэхэ (21), Мэкъуауэхэ (21), Хъанийхэ (19). Псори зэхэту унагъуэ 592-рэ мэхъу, цІыху 2102 - рэ къуажэм щопсэу.***

● Япэ итахэр

# Гъуэгуанэ купщIафIэ зэпызыча узэщIакIуэ

**Фэнзий Мэжид Мэзан и къуэр 1880 гъэм Болэтей къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къуажэм къыщиуха нэужь, ар Темырхъан Шурэ (Буйнакск) кIуэри, илъэсищым нэблагъэкIэ абы щеджащ. ИужькIэ Мэжид и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Уфа, Кърымым, Мысырым.**



КЪЫЩАЛЪХУА жылэм къигъэзэжа нэужь, абы курыт еджапIэм щригъэджащ, апхуэдэуи Къэбэрдейм и жылагъуэ IуэхущIапIэ зыбжанэми щылэжьащ. ЦIыкIухэм хьэрыпыбзэри урысыбзэри яригъащIэрт, астрономием, математикэм, медицинэм, ботаникэм ахэр хигъэгъуазэрт, сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хащIыкIыу къигъэтэджырт.

Фэнзийм бзэ зыбжанэ фIы дыдэу зэрищIэми ехьулIэныгъэфIхэр къыхуихьырт. Абы зэхилъхьат мэкъумэш унагъуэм къыхэкIа сабийхэр зэрыригъэджэну алыфбей.

«ХьэрыпыбзэкIэ деджэн хуей щIэхъур лъэпкъым тхыбзэ зэримыIэрщ. Си гур егъэуз абы. Зэхэдвгъалъхьэ адыгэбзэкIэ ди алыфбей, кърлейсызхэм я бынхэр ирыредгъэджэну», - жиIэрейт Мэжид. «Ар щIэхъуэпсырт лъэпкъым и тхыбзэ иIэжыну, мыгувэуи Мэжид зэхилъхьат хьэрып графикэм тет алыфбей. Ар Дагъыстэным къыщыдигъэкIат. Тхылъ 500-р къуажэ-къуажэкIэрэ зэбгрихат, арщхьэкIэ зэман кIэщIым алыфбейр ягъэкIуэдыжат - хьэрып графикэм алыфбейр зэрытетыр молэхэм ягу ирихьатэкъым, диным пэщIэуву Iуэхугъуэу къалъытат», - етхыжыр Елбэд Хьэсэн.

Япэ урыс зэщIэхъееныгъэр къызэтрагъэувыIа нэужь, Мэжид Мысырым кIуащ, абы медицинэр, географиер, хьэрыпыбзэр щиджащ. Урысейм къигъэзэжри, щIэныгъэм епха лэжьыгъэм пищэжащ. 1912 гъэм, жылэдэсым я лъэIукIэ, ар ягъэувыж къуажэ школым щригъэджэну. А илъэсхэм ар пщыхэм я нэкъуэкъуэгъу мэхъу, анэдэлъхубзэр щадж курыт школхэр къызэIуахыну трегъэчыныхь, мэкъумэш унагъуэхэм къыхэкIа сабийхэр Налшык дэт бгырыс школым щрагъэджэну хуит къащIыну еукъуэдий. Муслъымэн диным и лэжьакIуэхэмрэ урысей пащтыхь политикэр Кавказым щезыгъэкIуэкIхэмрэ Фэнзийм и лэжьыгъэр хуагъэдахэртэкъым, уеблэмэ бий къыхуэхъуат икIи Мэжид лъэхъуэщым ирырагъэдзащ. Хуит къащIыжа иужькIи, ар и мурадым пыкIакъым. 1917 гъэм, революцэр къэмыхъей щIыкIэ, абы и зы лэжьыгъэ адыгэбзэкIэ Темырхъан Шурэ къыщыдегъэкI. ЦIыхубэм щIэныгъэр яхэпщэнымкIэ Iэмал къызэрыкIуамытынур Мэжид хьэкъыу пхыкIа нэужь, ар 1918 гъэм большевикхэм я партым хохьэ. А гъэ дыдэм и гъатхэпэм, Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ Совет властыр щагъэува нэужь, Фэнзий Мэжид Налшык округым и ЦIыхубэ советым и депутату хах. Советым и унафэщIым и къуэдзэуи мэлажьэ.

1918 гъэм и кIэхэм ар редактор нэхъыщхьэу ягъэув Къэбэрдейм къыщызэIуаха япэ совет газетым, «Равенство» зи фIэщыгъэу щытам. ИкъукIэ къаруушхуэ абы ирихьэлIащ цIыхубэм щIэныгъэ яригъэгъуэтыным. Ар мызэ-мытIэу лIыкIуэу хахащ лъэпкъхэм я зэхуэс Тэрч щекIуэкIыу щытахэм.

1919 гъэм и пэщIэдзэхэм Фэнзийр и лэжьыгъэкIэ ягъакIуэ щалъхуа щIыналъэм. Абы и пщэрылът цIыхухэм политикэ лэжьыгъэхэр ядригъэкIуэкIыныр, апхуэдэуи Деникиным и дзэхэм ахэр зэрыпэщIэувэным хуигъэхьэзырын хуейт. Къэрэшейр, Лыкъуэжьыр, ШэджыхьэщIэр, Махъсидэр, АфIэунэр, Улыджыр, нэгъуэщIхэри и гъусэу Мэжид лэжьыгъэшхуэ къуажэдэсхэм ядригъэкIуэкIырт, абыхэм я къыхуеджэныгъэ псалъэхэр цIыхухэм я гум нэсырт. Апхуэдэурэ бийм зэрыпэувыну къару лъэщ яузэдырт, Дзэ Плъыжьым хыхьэну хуей къуажэдэсхэм я лъэIу тхылъхэр ятхынымкIэ сэбэп яхуэхъурт...

1974 гъэм накъыгъэм и 9-м Болэтей къуажэм щагъэуващ Фэнзий Мэжид и фэеплъ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Къэбэрдейм и къуэ пэжым и цIэр фIащащ Тэрч къалэрэ Налшыкрэ я уэрамхэм. Мэжид и цIэр зэрехьэ Болэтей и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зыми.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Лэжьыгъэм ипсыхьа Дадэ ХьэмытIэ

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Дадэ ХьэмытIэ илъэс 37-кIэ и бгъуэщI ситу сылэжьащ. ЗэрыжаIэу, зы шыгъу путкъым зэдэтшхар. А псом ящIыIуж дызэныбжьт, дызэблагъэ-Iыхьлыт - си адэшыр Дадэхэт. ХужьысIэфынури зыщ - хуэдэ зырызу цIыху нэгъэсат.**

ХЬЭМЫТIЭ зауэ нэужь зэман хьэлъэм халъхуащ. Сабий зеиншэ-адэншэхэр пэрыхьэтт, я бын япIыжыну, я гущIэгъу-гулъытэ тIэкIур лъагъэсыну хуимыт фызабэ тхьэмыщкIэхэр жэщ-махуэ ямыIэу губгъуэжьым итт. Зи Iыхьэбнасыпыр пасэу къекъутэхахэм ящыщт ХьэмытIэ и анэ Хуцуи. Сабиищ къызыхуэна цIыхубзыр хэгужьеихьат - зы унэ яIэти, кхъахэт, псэуалъэхэр ныкъуэкъуауэт. Колхозым тIэкIу зыкъиужьыжа нэужь, правленэр къыдэIэпыкъури, унагъуэр бжьэпэм къагъэIэпхъуат, пэш цIыкIуитI хъууэ унэ хуащIри. Унагъуэр абы щIэсащ, бынхэр къэжэпхъыху. ИтIанэ, зэдэIэпыкъужхэурэ, чырбыш плъыжь унэ дахэ зэрыбыным ящIыжауэ щытащ.

Зэрынэрылъагъущи, ХьэмытIэ пасэ дыдэу игъэунэхуащ гугъуехьыр зищIысыр. Колхоз зэхэкъутар щызэрагъэпэщыж зэманти, зи школ кIуэгъуэ щIалэр еджапIэм къыщIокIыжри, псы зэрыщIагъэлъадэ кIэнауэхэр IэкIэ зыгъэкъабзэхэм, жэмкIэ вэхэм яхохьэ. Апхуэдэу гугъуехьым ипсыхьауэ балигъыпIэ иуващ Дадэр.

1957 гъэм къэралым къулыкъу хуищIэну ХьэмытIэ ираджэ. ЩIалэ бэшэчым дзэ къулыкъур фIы дыдэу ирихьэкIащ, щытхъу тхылъ зыбжани къыхуагъэфэщащ щалъхуа жылэжым къигъэзэжащ. Куэд дэмыкIыуи, 1960 гъэм, Болэтейм и колхозым хохьэ. Механизатору лэжьэн щIэзыдза щIалэщIэм зыщIегъэх и Iуэхум хэмыту псэ хьэлэлкIэ абы бгъэдэтщ. Куэдрэ мылэжьауэ, колхоз тхьэмадэм абы гу къылъетэри, нартыхугъэкI гупым и унафэщIу егъэув. ХьэмытIэ и егугъуныгъэмрэ и жыджэрагъымрэ хьерыфI къитырт, къытрих нартыхум хэхъуэ зэпытт. «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденри абы 1966 гъэм къыпокIуэ.

ИкъукIэ цIыху гуащIафIэт, бэшэчт, емызэшыжт адыгэ щIалэр. Арaщ Дадэм и гупым, зэи къэмыхъуауэ, центнери 100-м нэблагъэ зы гектарым нартыхуу къыщIытрихыфауэ щытари. Мэкъумэшыщ цIэрыIуэм и лэжьыгъэм гулъыти игъуэтащ: ар мызэ-мытIэу ВДНХ-м щыIащ, 1973 гъэм «Октябрь Революцэм и орден», «Ленинным и орден» (1976) дамыгъэхэр къратащ, иужькIэ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI», «РСФСР-м щIыхь зиIэ и механизатор» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, 1990 гъэм «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр къыхуагъэфэщащ. Дадэ ХьэмытIэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ хахащ.



Зэрыфлъагъущи, пщIэшхуэ иIащ ХьэмытIэ и гуащIэдэкIым. АрщхьэкIэ ар зэи адрейхэм епэгэкIыу, дэпсэлъейуэ щытакъым, зэрылъэкIкIэ цIыхухэм защIигъакъуэу, хабзэ хэлъу псэуащ.

Унагъуэ хьарзыни и щIыбагъ къыдэтащ Дадэм. ГъащIэ гъусэ хуэхъуа Ксенэрэ абырэ зэгурыIуэзэдэIуэжу илъэс 46-кIэ зэдэпсэуащ, къуиплIрэ зы пхъурэ зэдапIащ.

ХьэмытIэ псэухункIэ псэемыблэжу щIым телэжьащ. Колхозыр щыкъутэжами, абы щIыр зэи IэщIыб ищIакъым - бэдэнду къищтэри игъэлэжьащ.

**НЫБЭЖЬ Михаил,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном.*

# ПщIэ зиIэ унафэхэр

**Хьаний Пётр Мухьэмэд и къуэр Болэтей къуажэм къыщалъхуащ 1923 гъэм. 1940 - 1941 гъэхэм Шэрэдж жылагъуэм егъэджакIуэу щылэжьащ. ИужькIэ абы къиухащ Орджоникидзе къалэ дэт лъэсыдзэ еджапIэр. Хэку зауэшхуэм и зэманым Хьаний Пётр зауэлI взводым и унафэщIу щытащ.**



Хьаний Пётр

1941 гъэт. Белоруссием и Борисов къалэм деж Пётр и взводыр бийм щыпэщIэтт. ЗауэлIхэм я щхьэщыгум кхъухьлъатэхэр щызелъатэрт, лагъымхэр адэ-мыдэкIэ къыщыуэрт, танкхэр кIуэ пэтми къалэм къебгъэрыкIуэрт. Апхуэдэ къарур къыпхуэгъэувыIэныр фIэщщIыгъуейт. Арами, взводым и командир Хьанийм унафэ ищIащ зауэлIхэр имыкIуэтыну. Бийр гъунэгъу къыщыхъум, трагъэщэщащ лагъымхэри фочышэхэри... Зы танкым мафIэ къыщIэнащ, итIанэ адрейм, къыкIэлъыкIуэм. Дауэ ямыщIми, къарухэр зэхуэдэтэкъым, Пётр и зауэлIхэм хэщIырт. ИтIани, ахэр бийм хуигъэкIуэтакъым. Абдеж и Iэр уIэгъэ щыхъуащ езы Пётри, арщхьэкIэ зэуапIэр ибгынэн идакъым.

Гугъуехь куэдым пхыкIащ Хьанийр, уеблэмэ псэзэпылъхьэпIэ Iэджэрэ ихуащ, ауэ абы и Хэкур ихъумащ, и лъэпкъым фIы хуищIащ. 269-нэ стрелковэ дивизэм хэту Пётр бийм щыпэщIэтащ ВорошиловградскIэ областым и Михайловскэ станицэм пэмыжыжьэу, ар хэтащ Европэр хуит къэзыщIыжахэм, Берлин нэсахэм.

И лIыгъэм, хахуагъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденыр, ЩIыхь орденым и 3-нэ нагъыщэр, Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэр, апхуэдэуи къратащ «За отвагу», «За победу над Германией» медалхэр.

1945 гъэм Хьаний Пётр и щIыналъи къигъэзэжри, 1946 - 1947 гъэхэм Тэрч МТС-м, «Терек» колхозым я парт зэгухьэныгъэхэм я секретару лэжьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситIым ар «Терек»-м и парт комитетым и секретарщ, 1972 - 1984 гъэхэм Тэрч псы щIэгъэлъадэ кIэнауэм и унафэщIщ. «Заря коммунизма» колхозыр илъэс 26-кIэ Пётр и нэIэм щIэту лэжьащ. А зэманым къриубыдэу абы жылэм хуищIар псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэнщ. Жылагъуэр нэхъапэIуэкIэ зыдэса къуэм псы къащIэуэ хъууэ къыщыдэIэпхъукIам щIэгъэкъуэныфIу яIащ колхозым и тхьэмадэ Хьаний Пётр, нобэ къуажэм и ут нэхъыщхьэм деж къатищу щызэтет Щэнхабзэм и унэ дахэшхуэр щаухуар Пётр мэкъумэш хозяйствэм и унафэщIу щытетарщ. Пенсэм кIуа нэужьи, Хьанийр Iуэхуншэу щысакъым - Ветеранхэм я район советым и унафэщIу ар лэжьащ, жылэм зэрыхуэщхьэпэну Iуэху сыт щыгъуи зэрихуэу.

**ДЫКЪУЭ Мулиат.**

Адыгэ жылагъуэхэм я щIэнгъуазэ
№44

# ЩIэныгъэр лей хъуркъым



**ЩIэныгъэм, епха япэ лэжьыгъэхэр, Къэбэрдейм щекIуэкIар, XIX лIэщIыгъуэм и кIэ XX и пэ зэманхэрщ. 1898 - 1902 гъэхэм къриубыдэу къуажэ школу щIыналъэм 27-рэ къыщызэIуахауэ щытащ. Абыхэм ящыщт Болэтей къыщызэрагъэпэща япэ пэщIэдзэ школри.**

АЗЭМАНЫМ абы екIуалIэр сабии 10 - 14 хъу къудейт, ахэр иригъаджэрт къуажэдэс Къущхьэунэ Алимырзэ. Муслъымэн еджапIэхэри къуажэм и Индрей, Къумыкъу, Болэтей хьэблэхэм щылажьэрт. 1912 гъэм къуажэм къыщызэIуахащ мыдрисэ, абы ныбжьыщIэхэр ирашалIэрт Къущхьэунэ Машэ, Блай Ахъмэтыкъ, Мэкъуауэ БытIэ сымэ.

Къуажэ школым нэхъыбэу щеджэр Блайхэ, Къуэдзокъуэхэ, Мамрэшхэ, Фанзийхэ я щIэблэрт. ЕджакIуэхэм яхэтт хъыджэбз цIыкIу зыбжани - Блайхэ Зэрылэ, Токъу, Сулимэ сымэ.

Граждан зауэр къэхъейри, зэманкIэ къызэтрагъэувыIат егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр. АрщхьэкIэ, Совет властыр яухуэжа нэужь, школхэми я Iуэхухэм пащэжащ. ЕгъэджакIуэ емызэшыжхэт Блай Увжыкъуэ, Къуэдзокъуэ Къасым, Блай Къэрэшей сымэ.

1920 гъэм макъуэуэгъуэм и 15-м ирихьэлIэу, Болэтей школым щеджэрт сабий 40-м нэблагъэ. ЦIыхухэр щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ зэрыхъуам и щыхьэтт къыкIэлъыкIуэ илъэсым еджэхэм я бжыгъэр 150-м зэрынэблэгъар.

Тхылъ щеджэ унэ 1924 гъэм жылэм зэрыщаухуауэ щытами мыхьэнэшхуэ иIащ. Абдежарт жылагъуэ, политикэ, щэнхабзэ Iуэхухэм къуажэдэсхэр щыхагъэгъуазэр.

1930 гъэ пщIондэ къуажэ школым щрагъэджащ Хьэпэ Езид, Шыгунэ ТIынэ, Тхьэгъэзит Уэсмэн, Щокъул Хьэфан, нэгъуэщIхэми. 1936 гъэм Болэтей и пэщIэдзэ школыр курыт иримыкъу еджапIэ ящIат. Абы и унафэщIу щытащ Бабыцэ Шухьэиб, иужькIэ Темрокъуэ Индэрбий.

1942 гъэм Болэтей школыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм сымаджэщ ящIат. ИужькIэ, 1943 гъэм щIышылэм бийр къуажэм щыдахужым, школыр жылэдэсхэм зэфIагъэувэжри, курыт еджапIэ ящIащ. Илъэс зэхуэмыдэхэм абы щрагъэджащ Тхьэгъэзит Рашад (1946 - 1956), Хьаний Хьэгуцырэ (1956 - 1964), Къущхьэ Юрэ (1964 - 1974), Балъкъэр Владимир (1974 - 1998) сымэ, нэгъуэщIхэми.

1967 гъэм Болэтей щаухуащ еджакIуэ 320-рэ зыщIэхуэ школыр. Илъэс 23-рэ дэкIа иужь, абы зрагъэубгъури, сабий 784-м еджакIуэ кIуэну Iэмал яIэ хъуат.

Нобэ курыт школым и унафэщIщ Хамэ Загирэ. ЕгъэджакIуэ 20 щолажьэ, абыхэм ящыщу 15-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ. ЦIыхуищым (Лъэужь Хьэзрэталий, Сыкъун Таисэ, Фанзий ФатIимэ) къыхуагъэфэщащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм и отличникыу егъэджакIуитI - Лыкъуэжь Заретэрэ Балъкъэр СулътIанрэ - щолажьэ.

КъэпщытэныгъэхэмкIэ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, школым екIуалIэ еджакIуэм я бжыгъэм хэщIурэ йокIуэкI: 2010 гъэм абы щIэсащ цIыху 250-рэ, 2011 гъэм - 240-рэ, 2012 гъэм - 216-рэ, 2018 гъэм - 206-рэ.

Къуажэм дэт «Насып» сабий садымрэ школымрэ 2003 гъэ лъандэрэ зэуIу ящIыжащи, цIыкIухэр иджыри курыт еджапIэм мыкIуэ щIыкIэ я щIэныгъэм нэхъ куууэ егъэжьыну Iэмал яIэ хъуащ егъэджакIуэхэм. ГъэсапIэм мы зэманым сабии 113-рэ макIуэ.

Школым езым и сайт Интернетым щиIэжщ. Абы къыщагъэлъагъуэр еджакIуэхэм драгъэкIуэкI щIэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр. ЕджакIуэхэр жыджэру йокIуалIэ «Электротехника», «Физикон», «Сигма», «Химия в быту», «Риторика», «Золотая маска» гупжьейхэмрэ дерсхэмрэ.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу 2008 гъэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм школым мелуан хъу грант къыщихьэхуауэ щытащ. А ахъшэмкIэ химие, биологие кабинетхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, компьютерхэр, спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ школакIуэхэр зыхуеину хьэпшыпхэр, нэгъуэщIхэри къащэхуащ.

2018 гъэм Болэтей школыр «Урысей Зэкъуэт» политикэ партым «Къуажэхэм я спорт пэшхэр зэIузэпэщ щIын» и программэм хэхуэри, къарата сом зы мелуанрэ мини 116-мкIэ еджапIэм и спорт пэшыр зыхуей хуагъэзащ.

Курыт еджапIэм и лэжьыгъэр зэIузэпэщу екIуэкIын, еджакIуэхэр еджэным нэхъ трагъэгушхуэн мурадкIэ, къуажэдэс хьэрычэтыщIэхэми школым мылъкукIэ зыщIагъакъуэ. Абыхэм ящыщщ Семэн Юрэ, Мэкъуауэ Мурат, Хьэрэдурэ Заурбий, Дадэхэ Аскэрбийрэ Юрэрэ, Жылау Михаил, Гъэсашэ Любэ, Къудалий Мухьэмэд, Джэршыш Аслъэн сымэ.

ЕджакIуэхэри адэ-анэхэри къыхуэзарэзыуэ мы школым 2001 гъэ лъандэрэ щолажьэ **Къуэдзокъуэ Мадинэ**. Гупжьей зэхуэмыдэхэм, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм школакIуэхэр дригъэхьэхыурэ, абы сабийхэм я еджэгъуэ зэманыр щIэщыгъуэ ящещI. ЩIыналъэм гъэ къэс щекIуэкI «Джылахъстэней джэгу» Iуэрыуатэ зэпеуэм Къуэдзокъуэм сыт щыгъуи хуегъэхьэзыр сабийхэр икIи нэхъыфIхэм ящыщу щытхъу яIэу къокIуэж. Псалъэм папщIэ, 2007 - 2008, 2008 - 2009 гъэ еджэгъуэхэм зэкIэлъхьэужьу япэ увыпIэр абы игъэхьэзырахэм яIыгъащ, 2009 - 2010 гъэхэм ахэр а зэхьэзэхуэм етIуанэ щыхъуащ, къыкIэлъыкIуэ 2011 - 2012 илъэсхэм Мадинэ и еджакIуэхэм япэ увыпIэр яубыдыжащ. Къуэдзокъуэм и гъэсэнхэр жыджэру хэтщ «XIX лIэщIыгъуэм и пашэ» зэхьэзэхуэми. 2008 - 2009 гъэхэм болэтейдэсхэм абы етIуанэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщауэ щытащ. Лъэпкъым и хабзэр, щэнхабзэр зи лъабжьэ «Си щIыналъэу Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ зэпеуэми хуегъэхьэзыр Мадинэ еджакIуэхэр икIи ехъулIэныгъэ яIэу абыи зыкъыщагъэлъагъуэ.

«Узэгугъур къогугъуж» - жаIэ. Къуэдзокъуэ Мадинэ езэш имыIэу сыт щыгъуи щIэ гуэр къелъыхъуэ, къегупсыс, щIалэгъуалэм яхуэщхьэпэн яригъэщIэн папщIэ. Мадинэ мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм, Тэрч районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм, Болэтей курыт школым къабгъэдэкI фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр.

«ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм и отличник», «ЕгъэджакIуэ нэхъыжь», «Сорос и саугъэт къэзыхьа егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр, «За трудовое отличие» медалыр зэрехьэ Болэтей школым 1991 гъэ лъандэрэ математикэмрэ физикэмрэ щезыгъэдж **Лыкъуэжь Заретэ**. Абы и дерсхэр егугъуу къызэрегъэпэщ, иджырей мардэхэм тет IэмэпсымэщIэхэри къыщегъэсэбэп. Ар еджакIуэхэм хуэнабдзэгубдзаплъэщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ хуиIэщ, нэхъыфIу къазэрыгурыIуэным хуэдэуи зыхуегъэхьэзыр. Лыкъуэжьым и еджакIуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр яIэу зыкъыщагъэлъагъуэ район, республикэ, урысейпсэ олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ. «Познание и творчество» урысейпсо зэпеуэм Заретэ и еджакIуэ 15-рэ пашэ щыхъуащ, 30-р лауреатщ. Апхуэдэуи, физико-математикэ дерсхэмкIэ щIыналъэхэм я зэхьэзэхуэм 12-м текIуэныгъэр къыщыхуагъэфэщащ, 19-м я лэжьыгъэр къыщалъытащ. Езы Заретэ хэтащ егъэджакIуэхэм я «Образование: взгляд в будущее» урысей-псо зэхьэзэхуэм икIи 3-нэ увыпIэр къыщихьащ.

Илъэс 40-м щIигъуауэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм хэтщ **Сыкъун Таисэ**. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ и къудамэр къиухащ. А зэманым къриубыдэу, ар и Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэ хъуащ. Сыкъуным и дерсхэм еджакIуэхэр яфIэфIу йокIуалIэ. Ахэр егъэджакIуэм къыдехьэх къигъэсэбэп Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ. Таисэ иригъаджэхэм ябгъэдилъхьэ щIэныгъэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм наIуэ щащI. Абы къыфIащащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Мыпхуэдэ лэжьакIуэхэр и мащIэкъым Болэтей курыт еджапIэм, дэтхэнэри хущIокъу щIэблэ дахэ, Iущ, жан игъэсэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Унагъуэ телъыджэ

**Мы зэманым Болэтей къуажэм Блай лъэпкъым щыщ дэмысыжми, зэгуэр ахэр мыбы щыпсэуащ жылэм я пщIэр яIэту, я Iуэхум зрагъэужьу. Къапщтэмэ, Блайхэ осетин лъэпкъщ, ауэ абыхэм я нэхъыжь зэкъуэшхэу Блайрэ Къапийрэ адыгэ бзылъхугъэхэр къашэри (Курп Ищхъэрэ щыщ Къуэжейхэрэ Мэрзейхэрэ япхъуxэр), хуэм-хуэмурэ адыгэ лъэпкъ къатехъукIащ.**

АДЫГЭ алыфбейр урыс графикэм тету япэу зэхэзылъхьахэм ящыщщ Блай Къэрэщей Мысост и къуэр. Ар 1890 гъэм Болэтей къыщалъхуащ. Налшык бгырыс школым щеджащ, педагогикэ курсхэри къиухащ. 1908 гъэм ар ягъэуващ ХьэпцIей къуажэм и курыт еджапIэм. Сабийхэм щIэныгъэ етыным зи гуащIэ хэзылъхьэ Къэрэщей зэман куэди дэмыкIыу, школ унафэщI ящI. 1917 - 1926 гъэхэм ар Тэрч посёлкэм и унафэщIу лэжьащ. 1932 гъэм Нагорнэ районым цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ къудамэр зэрихьэну ягъакIуэ.

Блайм къуажэ школхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр зэхилъхьэу щытащ, апхуэдэуи абы игъэхьэзырт томитI хъу «Технико ведения урока» и тхылъыр, арщхьэкIэ ар къыдигъэкIыну хунэсакъым (IэрытхырКъэбэрдей-Балъкъэрым и архив IуэхущIапIэм щахъумэ). Къэрэщей зэридзэкIащ Шолохов Михаил и «Поднятая целина» романыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ари Хэку зауэшхуэм и зэманым кIуэдащ. Абы и IэдакъэкъыщIэкIа «Зулий», «Бгырыс пщащэ» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэм школакIуэ-хэр яфIэфIу щыджэгурт.

Блай Къэрэщей къызэрыгуэкIт, цIыху зэхэгъэж ищIыртэкъым, абы къыхэкIыуи, жылэм пщIэ къыхуащIырт, чэнджэщкIэ, лъэIукIэ куэдым зыкъыхуагъазэрт.

1912 гъэм Блайм гъащIэ гъусэ ищIащ Нэгумэ Шорэ и пхъурылъхум ипхъу Алмэ ФатIимэ. Абыхэм къащIэхъуа я пхъуитIыр - Фузэрэ Ланэрэ - я адэ-анэхэм яхуэфащэу псэуащ. РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутыр цIэр зезыхьа Фузэ (1915 гъэм Болэтей къыщалъхуащ) республикэм бзылъхугъэхэм я япэу медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуауэ щытащ, КъБКъУ-м и доценту ар лэжьащ. Фузэ къиухар Махъэчкъалэ дэт мединститутырт, иужькIэ, Налшык къигъэзэжа нэужь, ар щылэжьащ республикэ сымэджэщым и къудамэ нэхъыщхьэм и унафэщIу. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ тхыгъэу 30-м нэблагъэ. Фузэ къыхуагъэфэщащ Лениным и орденымрэ медалу 8-рэ. 1958 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и етхуанэ зэхуэсым а цIыхубзыр депутату хахащ.

Лани, пхъу нэхъыщIэм, гъащIэ купщIафIэ къигъэщIащ. ЯпэщIыкIэ абы къиухащ Осетие Ищхъэрэ пединститутыр, иужькIэ ехъулIэныгъэхэр иIэу щеджащ Дагъыстэн мединститутым. Абы щызригъэгъуэта IэщIагъэм Ланэ илъэс куэдкIэ ирилэжьащ, щIэныгъэ-педагогикэ лэжьыгъэр абы дигъакIуэу. Ланэрэ и щхьэгъусэ ЩауэцIыкIу Залымджэрийрэ гъуэгу дахэ трашащ япхъухэу Лейлэрэ Лаурэрэ. Нэхъыжьым музыкэмкIэ училищэр къиухащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Бауманым и цIэр зезыхьэ МВТУ-м. Лаурэ къиухащ Ломоносовым и цIэр зезыхьэ МКъУ-р.

ЕгъэджакIуэ емызэшыж Блай Къэрэщейрэ япэ адыгэ узэщIакIуэ Нэгумэ Шорэрэ я лъагъуэр щIэблэр ирикIуащ.

**АЛЪХЪО Мелэчхъан.**

Адыгэ жылагъуэхэм я щIэнгъуазэ

№44

# Ныбэжь Мышэ и дунейр

● ДифI догъэлъапIэ

**Щыlэщ цlыху, зы оркестрым екlуу щызэщlэжьыуэ макъамэ lэмэпсымэ зэхуэмыдэхэм ебгъэщхьыну и псэр къулейуэ, емызэшыжу ушэу, урихьэлlамэ, нэм къыхуэмыубыд щlэщыгъуэу гъащlэм и плъыфэ lэджэм гу лъыуигъэтэфу.**



АПХУЭДЭ цlыхуу Болэтей дэсщ Ныбэжь Мышэ, «КБР-м щlыхь зиlэ и агроном» цlэ лъапlэр зезыхьэр. Мы адыгэлlыр зэпlэзэрытщ, гъащlэм хуэнабдзэгубдзаплъэщ, псоми псынщlэу гу лъызытэфщ, уэршэрэгъу хьэлэмэтщ. Совет зэманыгъуэм «уей-уей» жригъэlэу къуажэ губгъуэм итахэм ящыщщ, гъавэ гъэкlынми зи гъащlэр тезухуащ, къэралым и гуэным гъавэ бэв хуизыкlута цlыху емызэшыжщ.

Сабиигъуэ lэфlи щlалэгъуэ тынши иlакъым Мышэ. Дэни къикlынт? 1942 гъэм и адэр зауэм дашри, Ростов деж щыхэкlуэдат. Илъэс 29-рэ фlэкlа зи мыныбжь фызабэм бынитху къыхуэнат. Мышэ илъэсиплl къудейт абы щыгъуэм зэрыхъур.

Щlым и бэуэкlэм щlапlыкlа Мышэ, абы и бзэр къыгуроlуэ, «фlэфl-фlэмыфlри» ещlэ. Ещlэ, псэкlэ бгъэдэтащи. Илъэс 17 фlэкlа мыхъуауэ, и ныбжьыр нэхъыбэу иригъэтхри, дзэм къулыкъу щищlэну дэкlат ар. «Механик-водитель тяжелого танка» жыхуиlэ lэщlагъэр зригъэгъуэта къудейуэ, Мэжэрым зэрыхьзэри-ишхуэ къыщыхъуауэ щытащ. Абы хиубыдахэм ящыщщ Ныбэжьыр, зэрыжаlэуи, гынымэр игъэунэхуащ. Дзэ къулыкъур къиухыу къэкlуэжа нэужь, илъэсиплlкlэ киномеханикыу къуажэм щылэжьащ, махуэм еджэрэ жэщым фильмхэр игъэлъагъуэу. Езым нэхърэ нэхъыщlэхэм яхэтlысхьэжри, илъэситlкlэ еджэжащ Мышэ, школри фlы дыдэу къиухыжащ. Абы иужькlи илъэситlкlэ учётчикыу колхоз губгъуэм итащ.

Щlалэщlэм къыгурыlуэрт щlэныгъэншэу зыри зэрыпхузэфlэмыкlынур. Арати, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетым заочнэу щlэтlысхьэри, 1969 гъэм ехъулlэныгъэфlхэр иlэу къиухащ.

Зи гъащlэр мэкъумэшым езыпха Ныбэжь Мышэ зытемыува зы щlы кlапи колхоз губгъуэм иlэу къыщlэкlынкъым. Ар зэи lуэхуншэу щысакъым. Колхозым и унафэщlу зэрылэжьа зэманым къриубыдэу, къуажэми районми куэдрэ пашэ щыхъуащ. Гъавэ гъэкlыным зыщритами, зытригъэкlуар мащlэщ. И гуащlэдэкl хьэлэлым къэрал гулъытэ къыпэкlуащ - «Щlыхьым и Дамыгъэ» орденыр (1973), РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щlыхь тхылъыр, Лениным и юбилей медалыр, «СССР-м lэщэкlэ Зэщlэузэда и Къарухэр илъэс 60 ирокъу» нагъыщэ лъапlэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэуи къуажэ Советым и депутату мызэ-мытlэу хахащ.

1977 гъэм ар агроном нэхъыщхьэу ягъэуващ, а илъэс дыдэм Кубань щыlэ мэкъумэш институтым къедзылlауэ унафэщlхэр щагъэхьэзыр курсхэм ягъакlуэри, мазихкlэ абы щеджащ. И лэжьыгъэфlым папщlэ 1986, 1991 гъэхэм ВДНХ-м и дыжьын медалхэр Ныбэжьым къратащ, апхуэдэуи 1977, 1980 гъэхэм «Социалист зэпеуэхэм я пашэ» цlэр къыхуагъэфэщащ. «КъБР-м щlыхь зиlэ и агроном» цlэ лъапlэри къыфlащащ.

Гъэщlэгъуэну, и lэщlагъэм зыкlи емыпхауэ Мышэ нэгъуэщlи хэлъщ: ар усэным, тхэным, сурэт щlыным хъарзынэу хозагъэ.

Мис апхуэдэщ Ныбэжь Мышэ и дунейр.

**ЗЭРАМЫЩIЭ Маринэ.**



Къуажэ администрацэм и унэр.

Адыгэ жылагъуэхэм я щIэнгъуазэ

№44

## IуэхуфIхэр зэфIэзыха



**Губгъуэ лэжьыгъэ мытыншхэри lэнатlэ гугъухэри зыгъэунэхуахэм ящыщщ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.**

КЪУАЖЭ курыт еджапlэр къиухри, Мухьэмэд «Заря коммунизма» колхозым щылэжьащ. Дзэм къулыкъу щищlэу къигъэзэжа нэужь, ар пэрыхьэжащ мэкъумэш лэжьыгъэм. Япэщlыкlэ тракторист къызэрыгуэкlт, итlанэ механик lэкlуэлъакlуэт. 1976 гъэм къыщыщlэдзауэ 1989 гъэ пщlондэ Къуэдзокъуэр колхозым и инженер нэхъыщхьэщ. Абы лэжьыгъэри еджэнри здихьырт.

Ехъулlэныгъэхэр иlэу Мухьэмэд Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 1976 гъэм къиухащ. 1989 гъэм абы «Заря коммунизма» колхозым и тхьэмадэ lэнатlэр къыхуагъэфащэри, илъэсийкlэ лэжьащ, къуажэри цlыхухэри зыхуей хуигъэзэным хущlэкъуу.

Зы илъэскlэ Къуэдзокъуэр «Тэрч элеватор» lуэхущlапlэм и унафэщlу щытащ. 1999 гъэм къыщыщlэдзауэ пенсэм кlуэху мэкъумэш lэнатlэмрэ ерыскъыпхъэхэмкlэ Тэрч щlыналъэм и управленэм и унафэщl къулыкъур зэрихьащ.

И лэжьыгъэхэм папщlэ Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ «КъБР-м мэкъумэш lэнатlэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэ лъапlэр, къратащ УФ-м мэкъумэш lэнатlэхэмкlэ и министерствэм и Щlыхь тхылъыр, СССР-м и ВДНХ-м и дыщэ медалыр.

**НАУРЫЗ Хьэмыщэ.**

# Мэкъуауэхэ

**Лъэпкъ уардэу, лъэпкъ быдэу Болэтей жылагъуэм къыщалъытэ Мэкъуауэхэ.**

ЛЪЭПКЪЫМ и нэхъыжьыфlхэу Аскэррэ lэдэмрэ, Хьэжбарэ, Нащхъуэ, Хьэмид, Натрыб сымэ, нэгъуэщlхэри, жылэм ягу къыщагъэкlыжкlэ, сыт щыгъуи гуапэу икlи lэфlущ зэрытепсэлъыхьыр. Мэкъуауэ Аскэр и гъащlэ псор триухуауэ щытащ губгъуэ лэжьыгъэм, и къуэш нэхъыщlэ lэдэми lэщlагъэлl пажэу колхозым илъэс куэдкlэ хэтащ. Хьэжбарэрэ Нащхъуэрэ Хэку зауэшхуэм лlыгъэ щызэрахьащ, щалъхуа жылэжь къагъэзэжа нэужьи, къуажэм и пщlэр lэтыным я гуащlэ ирахьэлlащ.



Мэкъуауэ Хьэмид комбайнер цlэрыlуэт. Абы игъэса механизаторхэр дэни щыпэрытащ. Мэкъуауэ Натрыб Хэку зауэшхуэми хэтащ, Болэтей къуажэ Советым и унафэщl lэнатlэми пэрытащ.

Мы нэхъыжьыфlхэм къакlэлъыкlуа щlэблэми лъэпкъым къыдекlуэкl хабзэмрэ нэмысымрэ яхъумащ, я адэжьхэм я пщlэр ирагъэлъэхъшэхакъым. Апхуэдэ цlыху гуащlафlэт Мэкъуауэ Хьэутии - lэщ гъэхъуным хэтащ, Хьэжпагуэ - механизатор lэзэт. Цlыху гуапэт, сыт хуэдэ lуэхукlи щхьэпэт зэкъуэшхэу Зуберрэ Русланри. Лъэпкъым адэкlэ пащащ Борис, Мухьэмэд, Заур, Михаил, Алёшэ, Григорий, Пётр сымэ. Мыбыхэм щыщу сэ фlыуэ си нэlуасэт Пётр.

Пётр 1942 гъэм дунейм къытехьащ. Зи сабиигъуэр зауэ зэман хьэлъэмрэ гъеймрэ ирихьэлlа щlалэр бэшэчу, гугъуехьым щымыщтэу, лэжьыгъэм хуэнэхъуеиншэу къэтэджащ. Ар сэ курыт еджапlэм щезгъэджащ. Щlэныгъэм сыт щыгъуи дихьэхырт, жылагъуэ lуэхухэми и къару хилъхьэрт. Абы и щыхьэтщ Пётр курыт еджапlэм и комсомол организацэм и секретару илъэс зыбжанэкlэ хахауэ зэрыщытар. Апхуэдэуи абы макъыфl иlэти, хорым уэрэд щыжиlэрт. Сэ мызэ-мытlэуи ecly эклат уэрэд жыlэным и гъащlэр ирипхыну. Апхуэдэу школыр къиухри, Мэкъуауэр уващ колхозым и щlыдагъэ базэм, адэ зыщхьэщымытыж унагъуэр зэрыпсэун къэлэжьын хуейти. Жыджэру, псэ хьэлэлу лажьэ Пётр зэман кlэщlым унафэщlхэм гу къылъатащ икlи «Заря коммунизма» колхозым и комсомол комитетым и секретару хахащ. Щlалэ нэфlэгуфlэм щlэх дыдэу жылэм дэс щlалэгъуалэм и деж lулыдж щиlэ хъуащ. 1968 гъэм Мэкъуауэ Пётр колхоз парт организацэм и секретару хах. А lэнатlэм ар lуту 1972 гъэм сэ сагъэкlуащ «Заря коммунизма»-м и унафэщlу. Колхозыр къэlэтын зэрыхуейр къызыгурыlуэ щlалэмрэ сэрэ, пэжыр жысlэнщи, ди гупсысэр занщlэу зэтехуат. Лэжьакlуэбэр къэбгъэдэlуэн папщlэ лэжьыгъэ гуэрхэри егъэкlуэкlыпхъэт. Абыкlэ я гуащlэ еблэжтэкъым Мэкъуауэ Пётррэ а зэманым къуажэ Советым и унафэщlу щыта Ботэщ Хьэщауэрэ. Абыхэм зэхыхьэ щlэщыгъуэхэр къызэрагъэпэщыжырт, цlыхубэр колхоз lуэхум драгъэхьэхырт. Мэкъуауэм жепlэн, гурыбгъэlуэн хуейтэкъым сыт хуэдэ лэжьыгъэ зэфlэгъэкlыпхъэми, ар lуэхум хуэнабдзэгубдзаплъэти, и лэжьыгъэри зыхуей хуэзауэ зэфlихырт.

Пётр колхозым щыщылэжьа илъэсхэм lэщlагъэлl нэс хъуат. Ар къилъытэри, район унафэщl Мамхэгъ Михаил Мэкъуауэр Борыкъуей къуажэм и «Родина» колхозым и унафэщlу егъакlуэ. Пётр абыи щигъэлъэгъуащ и зэфlэкl. Хадэхэкl гъэкlынымкlэ «Родина»-м япэ увыпlэр районым щиlыгът. Пётр и жэрдэмкlэ а зэманым ягъэкlыу щытащ кlэртlофыр, иужьым жылэдэсым жыг хади хасащ. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, колхозым хъерыфl къит хъуат. Илъэс зыбжанэкlэ абы щыlауэ, Пётр ягъэкlуащ «Сельхозхимия» район зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу. И lуэхум хуэlэижь лэжьакlуэлlым колхозхэм, совхозхэм зэlущlэхэр къыщызэригъэпэщырт, lэщlагъэлlхэм ядэгуашэрт щlыр нэхъ гъэбэта, къэкlыгъэхэр, хадэхэкlхэр бэгъуа зэрыхъунумкlэ иlэ щlэныгъэхэмкlэ. Мы lэнатlэм Пётр и узыншагъэкlэ къыпэрыкlын хуей щыхъум, пlалъэ къыхэмыкlыу, Тэрч районым и щlы фондым и унафэщl ящlащ.

lэнатlэшхуэхэр сыт щыгъуи къыхуагъэфащэу зэрекlуэкlам къегъэлъагъуэ Пётр жэуаплыныгъэ зыхэлъ, зэфlэкl зиlэ цlыхуу зэрыщытар. Пенсэм кlуа нэужьи, щагъэсакъым ар. Джылахъстэнейм и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщl lэнатlэр дзыхь къыхуащlри, абыи Пётр зыкъыщигъэлъэгъуащ цlыху зэпlэзэрыту, къызэгъэпэщакlуэфlу. Ар лэжьащ Налшык къалэ Советым и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlым и къуэдзэуи. Жылагъуэ лэжьакlуэ псэемыблэжт ар.

Мэкъуауэм къыхуагъэфэщащ «Щlыхьым и Дамыгъэ» орденыр.

Пётррэ абы гъащlэ гъусэу къыдэгъуэгурыкlуа Тамарэрэ я лъэужь дахэм ирокlуэ я бынхэу Виолетэ, Санитэ, Мурат сымэрэ абыхэм я быныжхэмрэ.

**ХЬЭЖУ Анатолэ.**

# Темрокъуэхэ: адэмрэ къуэмрэ

**Болэтей къуажэр зэрыгушхуэхэм ящыщщ Темрокъуэ Индэрбий Хьэжумар и къуэр. 1918 гъэм къалъхуа Индэрбий и сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ ирихьэлIащ къэралым щекIуэкIа зэщIэхьееныгъэхэм я лъэхъэнэ гугъум.**

ИНДЭРБИЙ гидромелиоративнэ техникумыр къиуха нэужь, колхозхэм зэдай ГЭС-м и ухуакIуэ гупым хыхьат. Илъэситхукlэ абы щылажьэри, ар щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педагогикэ институтым и физикэ-математикэ факультетым. ЕгъэджакIуэхэр республикэм къащемэщIэкI зэманти, Темрокъуэр заочнэ ящIыжри, щалъхуа и жылэм ягъэкIуэжащ, математикэмкIэ школым щригъэджэну. Мыгувэу Индэрбий Болэтей курыт еджапIэм и унафэщI ящIащ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, абы и лэжьыгъэри и псэ зыхэлъ и унагъуэри къигъэнэн хуей хъуащ. 1941 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм и щэкIуэгъуэм пщIондэ Темрокъуэр псэемыблэжу Хэкур ихъумащ. Абы и лIыгъэм теухуа тхыгъэхэр мызэ-мытIэу къытехуат «Сын Отечества» (1942 гъэм) газетым, «Славой овеянные» (1985), «Боевая слава Кабардино-Балкарии» (1985) тхылъхэм, нэгъуэщIхэми итщ. Индэрбий Къэратащ Хэку зауэшхуэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «За отвагу», «За боевые заслуги», «За победу над Германией» медалхэр.

1945 гъэм Темрокъуэр дзэм къыхокIыж. Ар япэщIыкIэ Урожайнэ РОНО-м, итIанэ курыт школым я унафэщIу ягъакIуэ. Лэжьыгъэр зыфIэфI, щхьэх зымыщIэ щIалэм сабийхэр есэпымкIи иригъаджэрт, школ Iуэхухэри зыхуей хуэзэу зэфIигъэкIырт.

1957 гъэм абы къыфIащащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. А гъэ дыдэм Темрокъуэм къыхуагъэлъагъуэ КъБАССР-м и егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым есэпымрэ физикэмкIэ и кабинетым и унафэщI IэнатIэр.

1962 гъэм Индэрбий Налшык и курыт школ №2-м мэувэри, математикэ классхэр абы къыщызэIуех. Классым къекIуалIэхэр, ар къэзыухахэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм щытекIуэрт, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэныр тыншу къайхъулIэрт.

1964 гъэм Темрокъуэр щIэтIысхьащ Лениным и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал педагогикэ институтым и аспирантурэм икIи и кандидат лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ абы щыпхигъэкIащ. Индэрбий лэжьащ КъБКъУ-м геометриемрэ алгебрэмкIэ и кафедрэм и доценту. Абы и гъэсэнхэм, еджакIуэхэм академикыу, профессору, щIэныгъэхэмкIэ кандидату къахэкIар куэд мэхъу.

Темрокъуэм щIэныгъэ лэжьыгъэ 28-рэ итхащ, монографиеу 5 къыдигъэкIащ, тхыгъэ щхьэхуэу 21-рэ журналхэм тригъэдзащ.

115-нэ шууей дивизэм и ветеран Темрокъуэ Индэрбий егъэджакIуэ нэст, щIэныгъэлI емызэшыжт, цIыху гуащIафIэт. Адэм лъагъуэ дахэ хишам ирикIуащ и къуэ Анатоли. Ар и адэм хуэдэу щIэныгъэлI Iэзэу щытащ. Анатолий физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктору, ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием, РАЕН-м, ЩIДАА-м я академикыу щытащ, КъэхутэныгъэхэмкIэ урысейпсо фондым и советым хэтащ.

КъБКъУ-м, КъБКъМА-м я профессору щыта Анатолэ щIэныгъэ лэжьыгъэу 80-м щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

Индэрбий ипхъу Лариси филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и кафедрэм и доцентщ.

ГЪУКIАКЪУЭ Дотий.



Индэрбий



Анатолий

# И къару еблэжакъым



**Зи гъащIэ псор щIэблэм и гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ хуэзыгъэпса Дыщокъуэ Хъаний цIыхуфIу, лэжьакIуэ псэемыблэжу дунейм тетащ. Ар ящыщщ Болэтей жылэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуахэм.**

1929 гъэрщ щIэныгъэ гъуэгум Дыщокъуэр щытеувар. Ар щеджащ Налшык дэт педучилищэм. Абы пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ IэщIагъэр щызэригъэгъуэтауэ, Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэри, 1953 гъэм ехъулIэныгъэкIэ ар къиухыжащ.

И IэщIагъэмкIэ лэжьэн щыщIидза япэ махуэм щегъэжьауэ а бзылъхугъэр и къару емыблэжу еджакIуэхэм яхэтащ. Абы дежкIэ сыт щыгъуи нэхъыщхьэт сабийхэр щIэныгъэм хишэныр. Егугъуу зэрылажьэм къыпэкIуэу, 1936 гъэм РСФСР-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм Дыщокъуэм сагъэт къритащ. 1948 гъэм егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIым щхьэкIэ, КъАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ бзылъхугъэм. Абы къыкIэлъыкIуащ «За трудовую доблесть» медалри.

Псом хуэмыдэу, 1951 гъэр нэхъ лъапIэт Хъаний дежкIэ, «КъАССР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэр абы къыщыфIащар. 1954 гъэм ар КъАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкlэ 1960 гъэм гъатхэпэм и 23-м Дыщокъуэ Хъаний «РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

ЕгъэджакIуэ гурыхуэм щIэныгъэ зритауэ жылэм дэс нэхъыжьыфIхэм нобэми ар гуапэу, хуабэу я гум ильщ.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Инал.

# Лъабжьэ быдэ

**ЕгъэджакIуэфI, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшыж Дадэ Суфэдин Болэтей къуажэм щыщщ. Абы республикэм и Хабзэубзыху органым зэфIэкI лъагэхэр къыщигъэлъэгъуащ. Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ IэнатIэм и отличникщ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэщ. Мыпхуэдэ пщIэр абы къилэжьыным лъабжьэ хуэхъуар къуажэ курыт еджапIэрщ. Ар къиуха нэужь, Суфэдин КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. ИтIанэ дзэм къулыкъу щищIащ.**



ЛЭЖЬЫГЪЭ IэнатIэм Дадэр щыпэрыувар къыщалъхуа жылэжьырщ. Курыт еджапIэм зы илъэскIэ щригъэджауэ, Суфэдин ягъакIуэ ХьэпцIей школым. Абдеж абы егъэджакIуэ, завуч IэнатIэхэри щрихьэкIащ, лэжьыгъэшхуи щызэфIихащ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэи апхуэдэ щемыкIуэкIауэ, япэ дыдэу Суфэдин къызэригъэпэщауэ щытащ IуэрыIуатэ-этнографие махуэшхуэ. Абы хэтащ Джылахъстэнейм и къуажэхэмрэ гъунэгъу республикэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Адыгэ хабзэ, фащэ, бзэ - ахэрт и лъабжьэу щытар а зэхыхьэшхуэм. Къыхэгъэщыпхъэщ, зэхуэсыр гукъинэжу зэрекIуэкIар уи нэгу къыщIэзыгъэувэж сурэт зыбжанэ МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым зэрихуари. Апхуэдэ Iуэхугъуэшхуэ щызэфIигъэкIам, Суфэдин и ныбжьыр илъэс 24-рэ хъу къудейт.

ИлъэситIкIэ ХьэпцIей щылэжьауэ, ар Новэ Хьэмидей къуажэм и курыт еджапIэм и унафэщIу ягъакIуэ. Абы зэрыщылэжьа илъэсипщIым криубыдэу сыт и лъэныкъуэкIи псэмыблэжу зыкъигъэлъэгъуащ. Суфэдин хузэфIэкIащ лъэпкъ 24-м къыхэкIахэр зыдэса жылэр зэкъуэту, зэныбжьэгъуу, зым и Iуэхур адрейм игъэлъапIэу къызэдигъэгъуэгурыкIуэн. «ЗэгурыIуэныгъэрщ фIы къэзышэр. ЦIыхухэр зыхуэгуапэу, зыхуэкъабзэу щытыпхъэщ», - жеIэ Дадэм.

Анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж учебникхэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным хуэунэтIауи абы куэд дыдэ зэфIигъэкIащ. Суфэдин и фIыщIэщ 1990 гъэхэм КъБР-м и Парламентым и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм теухуауэ» Законыр гъащIэм хэпща зэрыхъуар. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ мы гъащIэм къыщихьыфами, псори зи фIыгъэу Дадэм къилъытэр Нало Ахьмэдхъан, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэщ. А нэхъыжьыфIхэм я жыIэр абы сыт щыгъуи и гъуазэт, уеблэмэ ноби игу ихукъым абыхэм я гупсысэхэр, чэнджэщхэр.

1993 гъэм къыщыщIэдзауэ КъБР-м и Парламентым и хэхыгъуищым я депутату Дадэр щытащ, ЩIэныгъэр, щэнхабзэр, узыншагъэр хъумэн IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ IэнатIэр илъэс зыбжанэкIэ ирихьэкIащ. КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и чэнджэщэгъуу щылэжьа илъэсхэми щыс иIакъым Суфэдин. Республикэ законхэр зыхуэдэр къиухутэрт, дэфтэр щхьэхуэхэр щагъэхьэзыркIи депутатхэм защIигъэакъуэрт. Апхуэдэуи IуэхущIапIэм и лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм ятеухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэу 26-рэ абы дунейм къытригъэхьащ.

«Илъэс куэдкIэ сыдэлэжьащ Дадэм. Ар жэуаплыныгъэ зыхэлъ, сыт хуэдэ IуэхукIи узыщыгугъ хъуну, Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху щыпкъэщ. Абы и гъащIэр хуигъэпсащ щIэблэр гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ. Абы и фIыгъэкIэ республикэм и ныбжьыщIэ куэдым я зэфIэкI утыку кърахьэну Iэмал ягъуэтащ. Суфэдин ящыщщ зи зэманым щымысхьу, зэрызигъэпсэхун хуейм емыгупсысу жылагъуэ Iуэхухэр япэ изыгъэщхэм», - жиIауэ щытащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIу щыта Чеченов Ануар.

СУФЭДИН и цIыху щIыкIэкIи и лэжьыгъэкIи щапхъэ зытепх хъуну цIыху угъурлыщ. Ар куэдым ядэIэпыкъуащ. Суфэдин зыцIыхуу абы псалъэ гуапэ хужызымыIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Дин Iуэхухэмрэ лъэпкъхэм я зэхущытыкIэмкIэ и комиссэм и тхьэмадэ Нэхущ Заурбий жиIащ: «Пэжагъышхуэ зыхэлъ Дадэ Суфэдин сыт хуэдэ щытыкIэ имыхуами, напэр япэ изыгъэщщ. Хабзэубзыху органыр щызэфIэувэ лъэхъэнэ гугъухэм наIуэ къэхъуащ абы и хьэл-щэныр зыхуэдэри и Iэзагъыр здынэсри. Псом ящхьэращи, ар дзыхь зэбгъэз хъун цIыхущ. Ар сытым дежи тогузэвыхь республикэмрэ абы и цIыхухэмрэ зыIууэ гугъуехьхэм, икIи и къару къызэрихькIэ абыхэм холIыфIыхь. ФIыщIэ хуэфащэщ апхуэдэ цIыхум».

Адыгэ хабзэм къызэщIиубыдэ псори Суфэдин деж щызэхуэхьэсащ, ар цIыху гъэсащ, зэпIэзэрытщ.

Иужьрей илъэсхэм Дадэр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щылэжьащ, иджы пенсэм кIуауэ зегъэпсэху.

БАГЪЭТЫР Луизэ.





# Хэкум папщIэ

**Болэтей къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм цIыху 240-рэ хэтащ, 26-р офицеру. Мы жылэм икIа цIыху 26-м Сталинград деж щызэуа 115-нэ шууей дивизэм хэту лIыгъэ зэрахьащ. Я цIэ къиIуапхъэщ Къардэнхэ Сэхьидрэ Хьэмидрэ, Хьэгъур Тырку сымэ.**

КЪАРДЭН Сэхьид Iэсхьэд и къуэр Болэтей къуажэм 1902 гъэм къыщалъхуащ. Илъэс 17 хъуатэкъым ар Дзэ Плъыжьым хыхьэу Деникиным и дзэм пэщIэувэн хуей щыхъуам. Граждан зауэм и ужькIэ, Сэхьид хахащ Болэтей къыщызэрагъэпэща комсомол ячейкэм и япэ секретару. Дзэ Плъыжьым и офицер цIэм щIэхъуэпс щIалэр мыгувэу щIэтIысхьащ абы щыхурагъаджэ курсхэм икIи 1926 гъэм Сэхьид офицер ящIащ. Хэку зауэшхуэр къэмыхъу щIыкIэ Къардэныр эскадроным, батальоным я унафэщIу, полкым и командирым и къуэдзэу щытыну хунэсат...

ТIасхъэщIэх батальоным и унафэщI Къардэныр 1942 гъэм 126-нэ дивизэм и 550-нэ фочауэ полкым и пашэу щытащ, Москва деж щекIуэкIа зауэм псэемыблэжу хэтащ. Сэхьид лIыгъэ зэрихьэу щыIащ Брянск, Кавказ Ищхъэрэм, Белоруссием щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэми. 1943 гъэм и щIышылэм ар ягъэуващ 766-нэ полкым и 227-нэ стрелковэ дивизэм и командирым и къуэдзэу. Абдежи абы хахуагъэ щигъэлъэгъуащ. А гъэ дыдэм и дыгъэгъазэм 248-нэ гвардие стрелковэ полкым и 83-нэ дивизэм и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъур абы къыхуагъэфэщат.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 1944 гъэм щIышылэм и 10-м Витебск къалэм и Iэгъуэблагъэхэм деж щекIуэкIа зауэм подполковник Къардэн Сэхьид щыхэкIуэдащ.

НэхъапэIуэкIэ, 1942 гъэм, Iэсхьэд къыхуагъэхьат и къуэ нэхъыщIэ, Дзэ Плъыжьым и офицер Хьэмид зауэм зэрыхэкIуэдар.

Болэтей къуажэ Къардэн лъэпкъым щыщу Iэсхьэд и унагъуэ закъуэрт дэсри, абы и къуэхэр зауэм щыхэкIуадэм, а унагъуэм и къуэпсхэр абдеж щыгъуэжащ. Къэнар зэшыпхъухэу Быхьэт, Хуцынэ сымэт. Сэхьид ипхъу Нинэ Налшык къалэ дэсащ, къуитI къыщIэхъуащ.

Болэтей къуажэ и курыт еджапIэми и зы уэрамми зэрахьэ лIыхъужь Къардэн Сэхьид и цIэр. 1974 гъэм накъыгъэм и 9-м школым и пщIантIэм щагъэувауэ щытащ абы и фэеплъыр. Сэхьид къэралым къыхуигъэфэщащ Бэракъ Плъыжьым и орденитIрэ Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэмрэ.

ЗАУЭ IэнатIэм япэу Iухьэу и удыныр зыхэзыщIахэм ящыщащ Хьэгъур Тыркуи. 1938 гъэм Тырку езым фIэфIу дзэм къулыкъу щищIэну кIуат. Орджоникидзе лъэсыдзэ училищэм щIэтIысхьэу, ар ехъулIэныгъэкIэ къиуха иужь, ар хагъэхьащ дзэ частым. Зауэм и япэ махуэхэм хахуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа лейтенантым и къулыкъур 115-нэ шуудзэ дивизэм щыпищащ. ИужькIэ Хьэгъурыр 278-нэ полкым и 4-нэ эскадроным и унафэщIым и къуэдзэ ящIащ. Сержант Наурыз Хьэмид жиIэжауэ щытащ: «1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25 - 29 махуэхэрт. Ди эскадроныр биим Мартыновкэ Иным деж щыпэщIэтт. АрщхьэкIэ, куэд дэмыкIыу, къанэ щымыIэу зыхэтщIащ нэмыцэм и къарур зэрынэхъыбэр икIи дикIуэтын хуей хъуащ. Абдеж Хьэгъур Тырку зауэлI зыбгъупщI дыкъыхишри, езыри ди пашэу, МартыновкэкIэ ди гъуэгур иунэтIащ. Сал псым узэрызэпрыкI лъэмыжым пэгъунэгъуу къыщылъ гуэдз хьэсэм дыхыхьэри, бийм дакъыщыпэуващ. Абдеж Хьэгъур Тырку уIэгъэ щыхъуащ. Ауэ абы унафэ быдэ къытхуищIат езыр къэдгъанэу дикIуэтыну. Дэ тлъэгъуащ фашистхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр нэхъ кIащхъэ ищIу абы куэд зэриукIар. Хьэгъурыр хахуэт, шынэ зыхэмылъыжт, лIыхъужьт».

БОЛЭТЕЙ къыдэкIахэу Лыкъуэжьхэ Зулкъарнейрэ Хьэмыщэрэ, Фэнзийхэ Хьэжбарэ, Хьуд, Борис, Балъкъэр Андулыхь, Жылаухэ Былэрэ Данилрэ, Наурзокъуэхэ Адэлбийрэ Хьэмзэтрэ, ЛIэужь Сыхьэтджэрий, Къуэдзокъуэ Пётр, Хьэжу Ахьмэд, Бабыцэ Шухьиб, Урысыкъуэ Исмэхьил сымэ, нэгъуэщI куэди псэемыблэжу лъэпкъым папщIэ лIыгъэ зэрахьащ, щхьэхуитыныгъэ Хэкум къыхуахьащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Болэтейм цIыхубз хахуэхэри зэриIар. Апхуэдэт Жылау Клавдие Тимофей и пхъур. Къуажэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, ар щIэтIысхьауэ щытащ пединститутым. Хъыджэбз гурыхуэр еджэрт икIи лажьэрт. Школым егъэджакIуэу къащта Клавдие сабийхэм я гъэсэныгъэми кIэлъыплъырт. Зэман куэди дэмыкIыу ар хыхьащ къуажэм пэмыжыжьэу щыIэ дзэ частым. Клавдие фоч гъэуэкIэм, уIэгъэр зэрапхэм абы зыщыхуигъасэрт.

Зауэм япэу дэкIахэм ящыщащ а бзылъхугъэр. Ар хэтащ Псыжь, Севастополь, Украинэ щIыналъэр хуит щащIыжым. КъинэмыщIу, Сапун-бгы цIэрыIуэм деж ди дзэр бийм щытеуам, Клавдие лIыгъэ къыщигъэлъэгъуащ. Адыгэ бзылъхугъэр абы уIэгъэ щыхъуащ, и щхьэгъусэр щыфIэкIуэдащ. Апхуэдэ гуауэм зыкъызыфIримыгъащIэу адэкIэ пищащ абы и гъуэгум: Прибалтикэ, КъуэкIыпIэ Пруссие, Берлин... Мы щIыпIэхэми Клавдие щызэуэну къыхуихуащ, уIэгъэ етIуанэу хъуащ. ТекIуэныгъэр къэтхьа и ужькIи, Клавдие яхэтащ японыдзэр зэтезыкъутахэм.

1946 гъэм бзылъхугъэр советыдзэм къыхэкIыжащ. Зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и етIуанэ нагъыщэмрэ Бэракъ Плъыжьым и орденымрэ, апхуэдэуи медаль зыбжанэ: «За отвагу», «За боевые заслуги», «За победу над Германией».

Хэку зауэшхуэм и ужькIэ Клавдие Налшык щыпсэуащ, щылэжьащ. Абы къиухыжат КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэр. ЩIэх-щIэхыурэ къыщалъхуа жылэм кIуэжырт и шыпхъум и деж. Къуажэ школым еблагъэрт, сабийхэм яфIэгъэщIэгъуэну едаIуэрт зауэм теухуауэ абы жиIэж хъыбархэм. Пенсэм кIуа нэужь Клавдие игъэзэжащ Болэтей икIи 1993 гъэм дунейм ехыжащ. Адрей зауэлIхэми хуэдэу, куэд хуищIащ абы и жылэм, лъэпкъым, Хэкум.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Сиваш шыугъэр пщIэжрэ?

**Си адэм лэжьэн щIидзащ и ныбжьыр илъэс 17-м иту. Налшык педагогикэ училищэр къиухри, егъэджакIуэ IэщIагъэм пэрытащ илъэс 40-кIэ.**

1939 гъэм ар армэм ираджауэ щытащ икIи дзэм къулыкъу щищIэу зауэр къэхъеят. Ди адэм и фэеплъу унагъуэм нобэр къыздэсым щыдохъумэ абы дзэм щиIыгъа тхылъ плъыжь цIыкIур. Абы итхащ: «1941 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм и гъатхэпэ пщIондэ Ипщэ-КъухьэпIэ, Украинэм и ещанэ фронтхэм я отделенэхэм я унафэщIу зэуащ Щокъул Хъалид».

Хэкум зэрыхуэпэжамрэ хахуэу ар зэрихъумамрэ папщIэ, абы къыхуагъэфэщащ «За отвагу», «За оборону Киева», «За взятие Будапешта», «За победу над Германией» медалхэр. Ди адэм и зауэ гъуэгуанэр IупщIу къызэрыщ фIыщIэ тхылъхэри тхъумащ. Ахэр щыхьэт тохъуэ Свирь, Дунай деж щекIуэкIа зауэм хэтурэ ар а псыхэм зэрызэпрыкIам, Бендеры и ипщэIуэкIэ бийм пэщIэувахэм зэращыщым, Секешфехервар, Бичке къалэхэр зыубыдахэм зэрыхэтар.

Зауэ IэнатIэм Iуту ди адэм къуэш къыхуэхъуауэ щытащ Подольск щыщ щIалэ - Гнидий Дмитрий. Абыхэм я зэныбжьэгъугъэм теухуауэ Хмельницкэ областым къыщыдэкI «Советское Подолье» газетым тхыгъэшхуэ тетауэ щытащ. Журналист, усакIуэ Рыбицкий Иван «Обрученные судьбы» зыфIища и очеркыр зэрадзэкIри, «Терек» газетми 1964 гъэм къытехуат. Тхыгъэм щыщ зы Iыхьэ къэсхьынщ: «Ахэр щызэрихьэлIар Тернополт, 1940 гъэм. ЗанщIэуи зэныбжьэгъу зэхуэхъуат. Хъалид и блокнотым адресыщIэ къихутащ: Волоченскэ район, Куровечкэ къуажэ, Гнидий Дмитрий...».

ЗэныбжьэгъуитIыр зауэм зэрыхэтар уи нэгу къыщIигъэувэу, Рыбицкэм пычыгъуэ кIэщI и тхыгъэм къыщехь. Абы зэрыжиIэмкIэ, лагъым къехуэхам къигъэуа траншеем Дмитрий щIиубыдат, щIэмэхыхьырт, арщхьэкIэ и ныбжьэгъур дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъури къригъэлащ. Хъалид жиIэрт: «Уи адресыр къыщIыпIысхар хъыбар щхьэкIуэ уи унагъуэм яхуэсхьын щхьэкIэкъым». ИлъэсиплIкIэ а тIур зыр адрейм и бгъуэщI иту зэуащ.

Зи гугъу тщIы очеркым хагъэхьащ зауэ нэужьым ди адэм Украинэм щиIэ и ныбжьэгъум хуитха письмохэри.

«Зэман мымащIи дэкIащ абы лъандэрэ. Упсэууэ пIэрэ, уузыншэ? ЗыгуэркIэ зыкъэзгъащIэ. Сэ си фIэщ мэхъу уи хъыбар зэрызэхэсхынур, Сиваш шыугъэр пщIэж къудейуэ щытмэ, Украинэм, Молдовэм я гъуэгу зэхэкъутахэр пщымыгъупщэжамэ, Финляндиер, КъуэкIыпIэ Пруссиер, Югославиер, Болгариер, Чехословакиер пщIэжмэ. Сыту гъуэгуанэ кIыхь къызэпытчат, Дмитрий, сыт хуэдизи псэкIэ дгъэва!» Куэд щIакъым военкоматым сраджэу «За оборону Киева» медалыр къызэрызатрэ. Сигу къэкIыжащ Украинэр: Киевщинэ, Запорожье, Николаевщинэ, Зеленый Гай, Орлянск, Безмодовкэ... Уи щIыналъэм зэ сыкъыщыхутэжыну сыщIэхъуэпсыжат. Къэзбжащ сыт хуэдиз гъуэгуанэ ди яку дэлъми - километр 2137-рэ. Ар куэдкъым, дызэхуэмызэу къэдгъанэ хъунукъым», - итхырт си адэм.

АдэкIэ Рыбицкэр тотхыхь ахэр зэрызэхуэзам. «Илъэс 17-кIэ зэпэIэщIэу псэуащ мы зэныбжьэгъуитIыр, а тIум яку километр 2137-рэ гъуэгуанэу дэлъащ, итIанэми, илъэс нэхъ гугъу дыдэу Хэкум иIахэм зэгъунэгъу ищIа адыгэ щIалэмрэ Украинэм щыщ Дмитрийрэ я зэкъуэшыгъэр псом нэхъ лъапIэ хъуат».

Зауэ нэужьым си адэр щылэжьащ Урожайнэ курыт школым. 1948 гъэрщ унагъуэ щиухуар - хъыджэбзищрэ щIалищрэ дипIащ.

**ЩОКЪУЛ Риммэ.**

# Зэи шэч къытрихьакъым

**Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям бийм ерыщу пэщIэтахэм ящыщщ Болэтей жылэ къыдэкIа Алъхъэс Михаил.**

1913 ГЪЭМ халъхуа щIалэм щысабийми игъэунэхуащ мэкъумэш лэжьыгъэм пыщIа гугъуехьыр. Еджэныр къызэрехъулIэм гу къылъатэри, ар Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум (ЛУГ-м) ягъэкIуат. ЩIэныгъэ зригъэгъуэтауэ Мишэ къыщалъхуа жылэм къигъэзэжри, 1930 гъэм ар иужь ихьащ щIалэгъуалэр егъэджэным. Сыт нэхъапэу щыIэ укъызыхэкIа лъэпкъым сэбэп ухуэхъуным нэхърэ?!

1939 гъэм Алъхъэсыр дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Ар зауэлI-танкист мэхъу, старшина цIэри къыфIащ. Михаил къулыкъу щищIащ Беларусым. Къэралым и гъунапкъэхэр зыхъумэхэм ар ящыщти, илъагъурт гува-щIэхами зауэ къызэрыхъеинур.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м фашист зауэлIрэ офицеру мелуанитхурэ ныкъуэрэ, танкрэ машинэу 4300-рэ Хэкум къизэрыгуащ. А теплъэгъуэ шынагъуэм япэу Iуплъахэм яхэтащ Алъхъэс Михаили. Дауи, бийм и дзэм япэу пэувын хуей хъуар танкхэрат...

Куэд и нэгу щIэкIащ Михаил зауэ IэнатIэм пэрытыхукIэ, ауэ бийр зэрыхагъэщIэнум зэи шэч къытрихьакъым. А фIэщхъуныгъэр зауэм и кIыхьагъкIэ абы къыдэгъуэгурыкIуащ. И хахуагъэм папщIи Алъхъэсым Хэку зауэшхуэ орденым и етIуанэ нагъыщэмрэ «За победу над Германией» медалымрэ къыхуагъэфэщащ.

Къыщалъхуа унэм ар къекIуэлIэжащ 1945 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм. ЗанщIэуи и псэр зыхэлъ и IэнатIэм пэрыувэжащ. 1949 гъэм Михаил судебнэ органхэм ягъакIуэри, зы илъэскIэ абы щылэжьащ. ИужькIэ, егъэджакIуэ лэжьыгъэм пэрыхьэжри, Опытнэ, Красноармейскэ къуажэхэм я курыт школхэм щылэжьащ. 1940 гъэхэм Болэтей курыт еджапIэм абы къигъэзэжащ, 1983 гъэ пщIондэ щIалэгъуалэм яхэтащ.

Алъхъэс Михаил 1996 гъэм дунейм ехыжащ, ауэ и гуапагъэмрэ и псэм и щабагъэмрэ цIыхухэм иджыри ящыгъупщакъым.

**ГЪУКIАКЪУЭ Инал.**





# Хуэдэр зырызщ

**И Iуэхущlафэ дахэкlэ и хьэл-щэн зэпlэззэрыткlэ зыщытхъухэм ящыщщ Болэтей жылэм дэс Щокъул Юрэ (Георгий). ГущIэгъу зыхэлъ цIыхущ зыхужаIэхэм хуэдэщ ар. Юрэ и сабиигъуэр зауэ зэман гугъум хиубыдащ, и адэ Хьид абы щыхэкIуадэм, анэмрэ анэшыпхъумрэ сабийр япIащ.**

ЖАНУ, губзыгъэу, жьыми щIэми фIыуэ къалъагъуу ар къэхъуащ. Къуажэ курыт еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ 1958 гъэм къиухащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Юрэ еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну хунэмысу дзэ къулыкъум ираджэри, илъэситIрэ ныкъуэкIэ Брест областым и зы къалэм щыIащ, щIалэщIэхэм щапхъэ яхуэхъуу. Абы Щокъулым шофёр IэщIагъэри щызэригъэгъуэтащ. Къыщалъхуа жылэм къигъэзэжа нэужь, 1964 гъэм адыгэ щIалэр Прохладнэ мэкъумэш техникумым щIэтIысхьащ Iэщ дохутыру еджэну. ЕджапIэр къиухри, Юрэ хыхьащ Болэтей и «Заря коммунизма» колхозым икIи илъэс 40-м щIигъукIэ абы щылэжьащ. ЛэжьакIуэлI, ныбжьэгъуфI, цIыху Iумахуэ - апхуэдэущ Щокъулыр и къуажэгъухэм къызэрацIыхур. Мы зэманым пенсэм ар щысми, лъэIукIэ къыбгъэдэхьэ дэтхэнэми доIэпыкъу, лъэкIымкIэ зыщIегъакъуэ.

ЗэрытщIэщи, цIыхуфIым унагъуэфIи хуэщщ. Юрэрэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа Фенярэ (ди жагъуэ зэрыхъунщи, дунейм ехыжащ) зэгурыIуэ-зэдэIуэж, пщIэ зэрылъ унагъуэу къэгъуэгурыкIуащ. Мэлгъэбэг щыщ Щад Феня Чопей и пхъур зыхыхьа лъэпкъым нысэ Iумахуэ хуэхъуат. Езыр цIыху гуапэт, гуфIэгъуэми гузэвэгъуэми цIыхум щIэгъэкъуэн хуэхъуну хьэзырт. А псом и щIыIужкIэ, Феня егъэджакIуэ Iэзэу щытащ. Болэтей курыт еджапIэм щылажьэрти, пщэдджыжьхэм ар пIащIэу школым кIуэрт. Хуэнэхъуеиншэт и IэщIагъэм, и пащхьэм къис дэтхэнэ сабийри абы дежкIэ бын пэлъытэт. ЕджакIуэ цIыкIухэм я дежкIи Феня егъэджакIуэ къудейтэкъым, атIэ ар анэт, ныбжьэгъу пэжт. Гурэ псэкIэ цIыкIухэм ябгъэдэтт егъэджакIуэ гуащIафIэр. Феня мыгуфIэу, нэщхъейуэ е губжьауэ зэи ялъэгъуакъым. ИтIанэ (абы иригъэджа куэдым я гум Iэфlу къинащ) анэфIым хуэдэу еджакIуэхэр игъэгуфIэрт, и улахуэр мыинми, ар къызэрырату, IэфIыкIэ гуэркIэ и гъэсэнхэм ядэгуашэрт. Ар набдзэгубдзаплъэт, дэтхэнэ сабийми бзэ къыхуигъуэтыфырт.

Апхуэдэ цIыху щабэ, Iэсэлъасэ Феня лэжьакIуэ гумызагъэ Юрэрэ яхузэфIэкIащ мамырыгъэрэ IэфIагъкIэ гъэнщIа жьэгум я бын дапIыкIыну, гъуэгу дахэ зырыз храгъэшыжыну. Хъыджэбзхэм я нэхъыжь Маринэ (егъэджакIуэщ), Опытнэм щопсэу, Бжьынейхэ исщ, ФатIимэ (мыри егъэджакIуэщ) Тэрч къалэм дэсщ, МэшылIхэ я нысэщ, ещанэ Иринэ (пщафIэщ), Хъанийхэ я нысэщ, Май къалэ щопсэу. Юрэрэ Фенярэ я къуэ закъуэ Олег хьэрычэтыщIэщ, Донецк щолажьэ. Псори быныфIэхэщ, адэ-анэм зыщIапIыкIа щапхъэр я гъуазэщ.

**ДЖЫЛАХЪСТЭН Лизэ.**



# Дохутыр ахъырзэман КIэнцIалий Темболэт

**КIэнцIалий Темболэт Кургъуокъуэ и къуэр 1912 гъэм Болэтей жылэм къыщалъхуащ. Къуажэ школым ар зэрыщIэсар класситIщ, итIанэ Къэбэрдей ЦIыкIу мэкъумэш еджапIэр къиухащ.**

ВЛКСМ-м и обкомым ар Ростов медрабфакым игъакIуэри, 1931 - 1935 гъэхэм абы щеджащ, кIэлъыкIуэу Ростов къэрал мединститутым щIэтIысхьащ. Мыгувэу, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ наркомым и унафэкIэ, ар мэхъу Дзэ медицинэмкIэ Ленинград дэт академием и курсант. Абы щIэсу, 1939 - 1940 гъэхэм, Темболэт хэтащ финн зауэми, Бессарабие, Латвие, Литва, Эстоние щIыпIэхэр щхьэхуит къэзыщIыжахэми. 1940 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм КIэнцIалийм академиер къиухащ икIи 163-нэ кхъухьлъатэ базэм и дохутыру ягъэуващ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, КIэнцIалий Темболэт и бгъэгум къыхэцIуукIырт Бэракъ Плъыжьым и орденыр. Зауэм и кIыхьагъкIэ зауэлI, командир дапщэм ар еIэза, псэ дапщэ абы кърегъэла?! Бжыгъэншэщ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр КIэнцIалийм къыщригъэхьащ КъуэкIыпIэ Пруссием и Кенигсберг къалэм.

И хахуагъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, медаль зыбжанэ.

1947 гъэм, Темболэт Дзэ Плъыжьым къыхэкIыжа нэужь, пенсэм кIуэху узыншагъэр хъумэнымкIэ къулыкъу нэхъыщхьэхэр республикэм щиIыгъащ, абы кърататэ щытащ «Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь», «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденхэр. Темболэт къыфIащащ УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я дохутыр цIэ лъапIэхэр.

Лэжьыгъэм, зауэм я ветеран КIэнцIалий Темболэт 1999 гъэм дунейм ехыжащ.

**АНСЫКЪУЭ Зулфикъар.**

# ГуащIэдэкI хьэлэл



**«КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI» Хьэшыр Хьэмэдэ гуащIафIэу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iутащ. Болэтейдэс куэдми хуэдэу, абы и гъащIэр епхауэ щытащ «Заря коммунизма» колхозым. 1958 гъэм ар мэкъумэш хозяйствэм и механизаторт, 1972 - 1980 илъэсхэм Хьэшырыр нартыху зыгъэкI гупым я унафэщIт. 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ 1986 гъэ пщIондэ Хьэмэдэ колхозым и механизаторщ, трактор бригадэ №1-м и механикщ. 1988 - 1996 гъэхэм Хьэшырыр жыг хадэ зыгъэкI опытнэ станцым и трактористщ.**

ЩIЫМ гъавэ бэв къытезыхыф цIыху гуащIафIэм къыхуагъэфэщащ «Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь» орденыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр. 1976 гъэм абы къыфIащащ «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI» цIэ лъапIэр. 1973, 1975, 1976 гъэхэм екIуэкIа зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм абы текIуэныгъэ къыщихьащ. КъБАССР-м и ЩIыхь тхылъым Хьэшыр Хьэмэдэ и цIэр иратхащ, ВДНХ-м и медалхэр 1969, 1970, 1972 гъэхэм кърататащ.

**СРЫКЪУЭ Идар.**

# Жылэдэсхэр арэзы ещI

**ЦIыхур Iэмал имыIэу зыхуей IуэхущIапIэщ пощтыр. Илъэс куэд хъуауэ Болэтей къуажэ щылажьэ пощтым жылэдэсыр арэзы ищIу, я IуэхукIэ защIигъакъуэу къогъуэгурыкIуэ. Пощтым и лэжьакIуэхэм я къалэныр и чэзум зэфIах.**

МЫ зэманым абы и унафэщIщ Сыкъун Маринэ. Жэуаплыныгъэ яхэлъу абы долажьэ пощтзехьэ Дадэ Юлэрэ Балъкъэр Мадинэрэ. Бзылъхугъэхэм нэхъапэIуэхэм газет, журнал, письмо хуэдэхэр зэбграхынрат я къалэныр. Иджы пенсэр яхуэзыхьыр ахэрщ, псы, газ, ток уасэхэри мы IуэхущIапIэм кърахьэлIэ. Iуэхур зыгъэпсынщIэщ нэгъуэщI щIыпIэхэм узэрыкIуэну билетхэри мы пощтым къызэрыщыбгъуэтынум.

Маринэ, Мадинэ, Юлэ сымэ я IуэхущIафэмкIэ арэзыщ болэтейдэсхэр.

**КЪЭНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# Болэтей уэрэд

*Псалъэхэр ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ,*
*макъамэр Даур Аслъэн яйщ*

**Индрей и щыгумэ**
**Мазэр зэшу щесымэ,**
**Мазэр нуру щыблэми,**
**ХэIэжау щыкIыфIыми,**
**Уэ сыножьэ защIэурэ,**
**Си псэр уэ ныпщIыгъущ.**

*Ежьу:*

**Си нэгум ущIэтщ.**
**Си псэр гъэр сфIэпщIащ.**
**Си гум жиIэр уэ зэхэх.**

**Тэрч и Iэуэлъауэмэ**
**Мазэр къыдопсалъэрэ,**
**Псалъэ щыжумыIэми,**
**Гу къыщыслъумытэми,**
**Уэ сыножьэ защIэурэ,**
**Си псэр уэ ныпщIыгъущ.**

*Ежьу*

**Болэтей уэрамымэ**
**Машынэ щызожэрэ,**
**Сигу къыщыдэмыжми,**
**Гурыщхъуэр щытепщIэми,**
**Уэ сыножьэ защIэурэ,**
**Си псэр уэ ныпщIыгъущ.**

*Ежьу*

**Удзхэм я нэхъ дахэри**
**Арыкъым щогъагъэри,**
**Гъатхэр пасэу къакIуэмэ,**
**ЩIыгур зэщIэгъагъэмэ,**
**Уэ сыножьэ защIэурэ**
**Си псэр уэ ныпщIыгъущ.**

*Ежьу*

**ЖэщкIэрэ ди куэбжэпэмэ**
**ЩIалэхэр щопакIуэрэ,**
**Лъыхъу къыщумыгъакIуэми,**
**УкъыщымыкIуэхэми**
**Уэ сыножьэ защIэурэ,**
**Си псэр уэ ныпщIыгъущ.**

*Ежьу*



**Хъаний Мирон** *(сэмэгумкIэ щытщ)* **и ныбжьэгъухэм я гъусэу.** *1971 гъэ*

# Хъанийхэ я къуэпсыр

**Гу хьэлэл зиIэ, гушыIэ зыхэлъ цIыху гуащIафIэщ Болэтей жылэм къыщалъхуа Хъаний Мирон. Илъэс 60-м щIигъуауэ лэжьыгъэ IэнатIэм пэрыт адыгэлIыр КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Урысейм щIыхь зиIэ и агрономщ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, Хъанийр ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием я академикыу зэрыщытри.**

ХЪАНИЙ Мирон 1934 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къалъхуащ. Къуажэ школыр 1952 гъэм къиуха нэужь, ар зы илъэскIэ щылэжьащ «Заря коммунизма» колхозым. Мирон Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэкIэ 1958 гъэм къиухащ. А илъэс дыдэм Мирон щIотIысхьэ аспирантурэм. 1962 - 1967 гъэхэм Хъанийр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш хозяйствэ опытнэ станцым бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм елэжьынымкIэ и къудамэм и унафэщIу, щIэныгъэ IуэхухэмкIэ станцым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

IуэхущIапIэм и хьэсэхэм Мирон щригъэфIэкIуа гуэдз жылэхэр колхозхэм, совхозхэм я хьэсэхэм щытрасэ, гъавэ бэви къыщагъэкI. Зы гектарым хуэзэу гъавэу кърахьэлIэж центнер 45 - 50-м щIигъу. Ар ядэлажьэрт Кубанми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Осетие Ищхъэрэми, Шэшэн-Ингушми я щIэныгъэлIхэм. Опытнэ станцым щыщылэжьа илъэсхэм Мирон къыдигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыхьэсэ гуэдзым и жылапхъэхэм зэрыщелэжьын хуей щIыкIэр» тхылъыр. ЩIэныгъэлIыр мэкъумэш хозяйствэхэм кIуэрт, губгъуэм ит лэжьакIуэхэм, механизаторхэм гъавэм и бэвагъым хэгъэхъуэным, мэкъумэш техникэм, сортыщIэхэм ятеухуауэ ечэнджэщыну. Бжьыхьэсэ гуэдз жылапхъэхэр егъэфIэкIуэн папщIэ, Мирон гъэунэхуныгъэхэр щригъэкIуэкIащ Джылахъстэнейм щылэжьа «Заря коммунизма», «Родина» колхозхэм, Май щIыналъэм щыIа «Ленинцы» хозяйствэм, нэгъуэщIхэми.

ЩIэныгъэми куэд хилъхьащ Мирон. 1962 гъэм абы и кандидат лэжьыгъэр, 1985 гъэм доктор диссертацэр абы щыпхигъэкIащ Украинэм. Хъанийм тхыгъэу 220-м щIигъу иIэщ, 14-р тхылърэ монографиерэщ, 36-р егъэджэныгъэмкIэ методикэ лэжьыгъэхэщ. Пэжыр сыт щыгъуи зи гъуазэ цIыху Iущым аспирантрэ доктору 50-м нэблагъэ игъэхьэзыращ. Абы къегъэлъагъуэ Мирон иIэ зэфIэкIыр.

КъэзыцIыхухэм Хъанийр фIыуэ къэзымылъагъу яхэткъым, жытIэмэ едгъэлейкъым. Сыт хуэдэ гуп хыхьэми, абы дэтхэнэми и гур хузэIухащ, цIыхум зэрызыщIигъэкъуэн Iэмали къегъуэтыф. Гулъытэ хэха профессорым зыхуищIыр щIэблэрщ. Ар тогузэвыхь щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэр иужьрей зэманым нэхъ махэ зэрыхъуам.

Миронрэ абы и щхьэгъусэ Замирэрэ (доцентт, биологие щIэныгъэхэм я кандидатт, илъэс щэщIым нэблагъэкIэ КъБКъУ-м и медицинэ, биологие факультетхэм щригъэджащ) хабзэрэ нэмысрэ зыхэлъ пхъуищ зэдапIащ, гъуэгу зырыз храгъэшыжащ. Нэхъыжь Иринэ мэкъумэш щIэныгъэхэм я докторщ, курытыр - Маринэ - экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, нэхъыщIэ Аринэ - дохутырщ.

ЦIыхум и хьэл-щэным, и дуней тетыкIэм лъабжьэ хуэхъур, дауи, и къуэпсырщ - къызыхэкIа унагъуэрщ, къыщыхъуа жылэрщ. Абы пэIэщIэ ухъуа нэужьи, къуажэжьымкIэ уоплъэ, уи гур йоIэ. Мирон Налшык щыпсэуми, зыпищI щымыIэу фIыуэ елъагъу Болэтей жылэжьыр: «Си къуажэжьым нэхъыфI дунейм теткъым», - жеIэ абы.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Семэн Пщыкъан и щапхъэ

**УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Семэн Пщыкъан къыщалъхуар Болэтей къуажэрщ.**



КУРЫТ школыр къиуха нэужь, Семэныр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджащ. 1977 гъэм физикэмкIэ иригъаджэу Тэрч къалэ дэт курыт еджапIэм щылэжьащ, иужькIэ школ-интернат №8-м и унафэщI ящIащ. Пщыкъан пэрытащ Джылахъстэнейм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэуи, егъэджэныгъэмкIэ район къудамэм и унафэщIуи. 1992-1994 гъэхэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу щытащ. 2004 гъэм абы Тэрч щIыналъэм игъэзэжащ Егъэджэныгъэмкlэ район IуэхущIапIэм и унафэщIу. Къыхэгъэщыпхъэщ, КъБР-м и Парламентым и депутату Семэныр 1997-2003 гъэхэм зэрыщытари.

2012-2013 гъэхэм Семэныр Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министру щытащ, иужькIэ республикэм и Архив IэнатIэм и унафэщIу лэжьащ. Мы зэманым ар Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэщ.

Семэн Пщыкъан педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, «Урысейм и муниципальнэ лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

**ХЬЭГЪУР Синэмис.**

# «Нанэ, кхъыIэ, къытхуэгъэгъу!»

**«Бзур зыIэтыр и дамэрщи, цIыхур зыIэтыр и лэжьыгъэрщ» - жиIащ пасэрейм. Мы псалъэхэр тражыIыкIами ярейт фIыуэ тцIыхуу, фIыуэ тлъагъуу, гъуэгугъэлъагъуэу диIа Наурыз Фозэ.**



АЦIЫХУБЗ гумащIэр къызэрытхэмытыжрэ нэхъри зыхэтщIэ хъуащ абы и псалъэ шэрыуэхэм, чэнджэщхэм, гушыIэхэм, къиIуэтэжу щыта хъыбархэм егъэлеяуэ нобэ дызэрыхуэныкъуэр.

ЗэрыцIыкIурэ Фозэ набдзэгубдзаплъэт. 1956 гъэм абы курыт школыр къиухри, колхозым зэманкIэ щылэжьащ. Фозэ сыт щыгъуи щIэхъуэпсырт щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтынуи, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым щIэтIысхьащ икIи 1974 гъэм ехъулIэныгъэхэр иIэу къиухащ. А гъэ дыдэм Фозэ Болэтей къуажэ школым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щригъаджэу щIедзэри, 2005 гъэ пщIондэ фIыщIэрэ щытхъурэ иIэу щолажьэ. Абы и бзэ дахэмкIэ еджакIуэхэм щIэныгъэ ярит къудейтэкъым, атIэ адыгэ хабзэм и фIыпIэ псори зи гъуазэ езы егъэджакIуэм и сабийхэми ар яхилъхьэрт. Усэ тхынми хуэIэзэт Фозэ, арщхьэкIэ и IэдакъэщIэкIхэр утыку кърихьэну хунэсакъым. Абы анэдэлъхубзэр и псэт, и гъащIэт, и дунейт, уеблэмэ, и гу гъэхуабэт.

Сыту куэдым и къалэмыпэкIэ ялъэIэса ар: къэзылъхуахэми, къыдалъхуахэми, ныбжьэгъухэми... Ауэ абы и усэхэм псом нэхъыщхьэу щигъафIэр адыгэ хэкумрэ адыгэ хабзэмрэт.

«Си лъэпкъ», «Си Хэку», «ИстамбылакIуэм и гъыбзэ», «Си лэжьэгъухэм деж», «Си шыпхъу», «ПщIэ лей» фIэщыгъэ къудейхэм къуагъащIэ Фозэ и гупсысэр нэхъыбэу лъэпкъым теухуауэ зэрыщытар. Бзылъхугъэм и хьэл дахэхэм ящыщу абы хэлът цIыхугъэ, гуапагъэ. Апхуэдэуи ар унэгуащэ хьэлэмэтт: и къуэ закъуэмрэ абы и бынхэмрэ и псэм и IэфIыр ябгъэдилъхьэрт, адыгагъэмрэ цIыхугъэмкIэ абыхэм ущиякIуэ яхуэхъурт. Уи жагъуэ мыхъуу къанэркъым а цIыху дахэр нобэ унагъуэми дэри къызэрытхэмытыжыр.

«Псалъэ дахэу дунейм тету хъуар хужыпIэми сфIэмащIэщ сэ си нанэм папщIэ. Телъыджащэу зэхэджа дуней иIэт абы. Бзэ IэфIт, гумащIэт, сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъут. Нанэ и усэхэм сэ щIэх-щIэхыурэ соджэ икIи согупсыс: «ярэби, абы хуэдэу бзэр згъэбзэрэбзэфу щытамэ, сыту гуфIэнт ар!», - жеIэ Фозэ и къуэрылъху Сэтэней.

**Сыфхэплъамэ, си гур**
**хохъуэ,**
**Нанэ фщIыгъуу сэ**
**къысщохъу.**
**И лэжьыгъэм**
**тепсэлъыхьхэм**
**СфIощIыр нурыр**
**къыфщхьэщих.**
**И цIэр фIыкIэ фэ ивоIуэ,**
**И псэр гуфIэу**
**къытхуэкIуащ.**
**Уи фIагъ псори**
**тхуэщIкъым наIуэ**
**Нанэ, кхъыIэ,**
**къытхуэгъэгъу.**

Зы егъэджакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым япэу и IэмыщIэ къихьа сабийхэр гукъинэж щымыхъуу, ауэ насыпышхуэр езы ныбжьыщIэхэм ягу уилъынырщ. Ар хузэфIэкIащ Фозэ, сытым дежи и гъэсэнхэмрэ езымрэ гу къабзэкIэ зэбгъэдэту щытащ.

«Егъэджэным гъащIэ псо хухэзыха цIыхущ Фозэ. Сэ абы сригъэджащ, и дэтхэнэ дерсым папщIи фIыщIэшхуэ хузощI. ЦIыхубз зэчиифIэу щытащ ар. И хъыбархэр мызэ-мытIэу газетхэм тетащ, сэри згъэлъапIэу сохъумэ абы къызитауэ щыта и IэдакъэщIэкIхэр. «Си Болэтей» уэрэдыр аращ зытхар, макъамэ щIэслъхьауэ согъэзащIэ. Дыщэт Фозэ, цIыху щабэт», - жеIэ Наурыз Идар.

Фозэ лъэужь дахэ къигъэнащ, абы и гъуэгум ирокIуэ ди нобэрей еджакIуэхэр. Абыхэм яхэтщ усэ зэхэлъхьэным дихьэххэри.

**КЪУЩХЬЭ ФатIимэ,**
*адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ егъэджакIуэ.*

Адыгэ жылагъуэхэм я щIэнгъуазэ

№44

● Щэнхабзэ

# Гукъыдэжыр къэзыІэтхэр

**Къуажэдэсхэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьыгъэм. Абы къыщызэрагъэпэщ зэхыхьэ гъэщІэгъуэнхэм, пшыхь дахэхэм цІыхухэр зэхагъэплъэж.**

БОЛЭТЕЙ жылэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэ къатитІу зэтетыр 1967 гъэм «Заря коммунизма» колхозым иригъэухуауэ щытащ. Унэр цІыху 450-м тещІыхьащ, етІуанэ къатым библиотекэр щолажьэ. Абы къокІуалІэ цІыкІухэри зи ныбжь хэкІуэтахэри.

Зэман зэхуэмыдэхэм Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІу щытащ Щокъул Михаил, ТІэхъу Хьэсэн, Балъкъэр Мухьэмэд, Тхьэгъэзит Руслан, Наурыз Артур, Дадэ Тимур сымэ. Мы зэманым абы и унафэщІщ илъэс 30-м щІигъуауэ щэнхабзэм и лэжьакІуэ Пэшол Iэсият.

- Сэ 1980 гъэм, еджапІэ нэужьым, мыбы сыкъагъэкІуауэ щытащ А зэманым библиотекэм щылажьэр Маремкъул Женят (дунейм ехыжащ, ахърэт нэху Тхьэм кърит). Аращ лэжьыгъэм дыхэзыгъэгъуэзари, щэнхабзэм дыхэзышари. ИкъукІэ цІыху гуапэт, сыхуэарэзыщ. Библиотекэм и лэжьакІуэхэм колхозхэтхэм, ІэщІыхьуэхэм тхылъхэмрэ журналхэмрэ хуахьырт икІи зэІэпахыу еджэрт. Былымыр къущхьэхъу щыдахум, ерыскъыри куэду тІыгъыу, ди къэфакІуэ-уэрэджыІакІуэхэри тщІыгъуу автобускІэ губгъуэм дыдэкІырти, махуищкІэ цІыхухэм я нэгу зедгъэужьырт, я Іуэхур ядэдгъэпсыныщІэрт. Щыс диІакъым зэи, - жеІэ Iэсият.

Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэм махуэшхуэхэр ягъэлъапІэ, литературэ-макъамэ пшыхьхэр къызэрагъэпэщ, нэхъыжьыфІхэр ирагъэблагъэри ягъэгушхуэ. Зэпымыууэ мыбы щолажьэ гупжьей хьэлэмэтхэр икІи абы я гъэсэнхэм Тэрч щІыналъэм щекІуэкІ зэпеуэхэм сыт щыгъуи ехъулІэныгъэхэр щызэІэрагъэхьэ.

Нэхъ ипэІуэкІэ дыІэбэжмэ, 1986 гъэм, Болэтейм Щэнхабзэмкіэ и унэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта «Сосрыкъуэ» Іуэрыіуатэ ансамблыр хэтащ «Легенда и песни адыгов», «Свадьба на Тереке» фильмхэм. Мыхьэнэ ин зиІэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэс 80-р щагъэлъапІэм ирихьэлІэу «Первые переселенцы Болатово» театр теплъэгъуэ кІэщІ ягъэлъэгъуауэ зэрыщытами. 1999 гъэм Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэм, зэи апхуэдэ щымыІауэ, «Лъэпкъ зэпеуэ» ирагъэкІуэкІауэ щытащ. Абы хэтат я хабзэ ягъэлъагъуэу Мэкъуауэхэ, Алэщхэ, Дыщокъуэхэ, Наурызхэ, Хамэхэ.

Іуэрыіуатэ пшыхьхэри къыщызэрагъэпэщ Болэтей. Абы къищынэмыщІауэ, «Адыгэ пщащэ», «Сытыр уи псэукІэ, адыгэ унагъуэ?», «Жьэгу пащхьэ», «Уэ пщІэрэ уи лъэпкъ тхыдэр?», нэгъуэщІхэри ирагъэкІуэкІ. Мыпхуэдэ пшыхьхэм я хьэщІэ лъапІэщ жылэдэс нэхъыжьхэр. 2001 гъэм ирагъэкІуэкІа «НэхъыщІэ дыдэм илъэс 71-рэ и ныбжьщ» зэхьэзэхуэ гукъинэжым хэтат къуажэ молэ Джазэ Хьэмыщэ, лэжьыгъэм и ветеранхэу Хьэпэ Абузед, Хамэхэ ДжэбрэІилрэ Михаилрэ, Чернобыль АЭС-м къыщыхъуауэ щыта насыпыншагъэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыным хэта ЛІэужь Мирон сымэ.

Щэнхабзэмкіэ унэм щолажьэ «Iэсият» зи фІэщыгъэ Іуэрыіуатэ цІыхубз гупи. Абыхэм я художественнэ унафэщІыр пшынауэ Іэзэ, «Играй, гармонь» зэпеуэм мызэ-мытІэу щытекІуа Дадэ Нинэщ. Абы иІыгъщ къафэмкІэ, уэрэдымкІэ, пшынэ еуэнымкІэ гупжьейхэр, игъасэхэр район, республикэ зэхьэзэхуэхэм щытекІуэу яхэтщ. Пшынауэ Іэзэ хъуну узыщыгъэгугъэщ Нинэ и гъэсэн Сэбан Сослъэн. А щІалэщІэр зэпеуэ, фестиваль зэхуэмыдэхэм жыджэру хэтщ. Абы и къуэш Аслъэни бэрэбан йоуэ. Сыкъун Астемыр пхъэцІычым хуэІэкІуэлъакІуэщ, уэрэд жеІэ, Щэнхабзэмкіэ унэм щылажьэ театр гупжьейми хэтщ. Мы цІыкІуищым жылэдэсыр ирогушхуэ, фІыкІэ я цІэр Іунуи щогугъ.

Лэжьыгъэ купщІафІэ ирагъэкІуэкІ театрым и режиссёр Джазэ Раерэ абы и гъусэ Балъкъэр Iэсиятрэ. ЩоджэнцІыкІу Алий и «Мадинэ» пьесэмкІэ абыхэм 1993 гъэм ягъэува спектаклым къыпэкІуауэ щытащ театрым «ЦІыхубэ» цІэ лъапІэр къыфІащыныр. «Мадинэ» и ролыр игъэзэщІат Пэшол Iэсият, Дисэ и ролыр - Джазэ Рае, Мадинэ и дэлъху нэхъыщІэ Алий и ролыр - Жылау Руслан.

- Сыт хуэдэ зэхыхьэ едгъэкІуэкІми, дэ дыхущІокъу жылэдэсым я гум дынэсыну, гуапагъэ гуэркІэ абыхэм дахуэупсэну. ИкъукІэ дэІэпыкъуэгъушхуэ Щэнхабзэмкіэ унэм хуохъу Къуэдзокъуэхэ Мухьэмэдрэ Ахьмэдрэ, Лыкъуэжь Хьэсэдин, Наурыз Арсен, Къэбард Олег, Хамэ Русенрэ и щхьэгъусэ Аринэрэ, нэгъуэщІхэри. Зэпеуэ щедгъэкІуэкІым, цІыхушхуэ къыщедгъэблагъэхэм абыхэм мылъкукІэ зыкъытщІагъакъуэри, фІыщІэ яхудощІ, дэри я гум дыкъинэн хуэдэу Іуэхум зыхудогъэхьэзыр, - жеІэ Пэщол Iэсият. - Анэр фІыуэ лъагъуным, унагъуэр зэтеІыгъэным, щІэблэм я гум щабагъэ илъыным, ди хабзэмрэ тхыдэмрэ тІэщІэмыхуным ди лэжьыгъэр нэхъыбэу тыдоухуэ.

Щэнхабзэмкіэ и унэм 2004 гъэ лъандэрэ щолажьэ «Адыгэ центр» музейр. Абы ущрихьэлІэнущ пасэрей зэманым зэрахьэу щыта хьэпшыпхэм. Чы матэм и кур ятІэкІэ къищІыкІауэ (хьэжыгъэ гъущапІэу къагъэсэбэпу щытащ), убалъэ, пхъэІэпэ, гуэгуэн, адыгэ шылэхъархэм, нэгъуэщІхэми ди блэкІам зымащІэкІэ ухагъэплъэж.

Лэжьыгъэшхуэ зэфІегъэкІ Щэнхабзэмкіэ унэм хэт библиотекэми. Абы и унафэщІ Къуэдзокъуэ Оксанэ жэуаплыныгъэ хэлъу и ІэнатІэм пэрытщ, жылэдэсыр зыщІэупщІэ тхылъхэмкІэ къызэрегъэпэщ, щІэныгъэм теухуа зэхуэсхэр щІэх-щІэхыурэ ирегъэкІуэкІ. Балъкъэр Галинэ (библиотекарщ) гулъытэ хуещІ библиотекэм къемыкІуэлІэф я нэхъыжьыфІхэми, абыхэм яхуехь ахэр зыщІэлъэІу тхылъхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**


Щэнхабзэм и унэр.

# Артист цІэрыІуэ Къуэдзокъуэ Владимир

**КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артист Къуэдзокъуэ Владимир 1927 гъэм Болэтей къуажэ къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр 1948 гъэм къиуха нэужь, ар щІэтІысхьащ Римский-Корсаков и цІэр зезыхьэ Ленинград къэрал консерваторэм. УэрэджыІакІуэ ІэщІагъэр зригъэгъуэтауэ а еджапІэр 1953 гъэм къиухри, Владимир щалъхуа щІыналъэм къигъэзэжащ.**

КЪУЭДЗОКЪУЭМ и макъыр, абы и уэрэдхэр куэдым ягу ирихьырт. Абы игъэзащІэрт классикэми адыгэ уэрэдыжьхэми щыщу 300-м щІигъу. ЩІэх-щІэхыурэ абы концерт щитырт Москва, Санкт-Петербург, Кавказ Ищхъэрэм и къалэ куэдым, Тамбов, Астрахань, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

Владимир щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием. Ауэ, къэбгъэлъагъуэмэ, абы и зэчийр нэхъ наІуэ къыщыхъуар Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур щагъэлъэпІаращ. Абы щыгъуэм Къуэдзокъуэм и макъ щигъэІуат Москва, Ленинград, Орджоникидзе. Адыгэ щІалэм и гулъытэ лъигъэсу щытащ республикэм и щІалэгъуалэми. Макъ зиІэ ныбжьыщІэхэр къыхишырт, ядэлажьэрт, макъамэм хэлъ щэхухэм хигъэгъуазэрт.

1960 гъэм Къуэдзокъуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр. Къыхэгъэщыпхъэщ мыри: Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрыр къызэІузыхахэм Владимир яхэтащ.

Къуэдзокъуэр журналист лэжьыгъэми хуэІэкІуэлъакІуэт. Ар нэхъыбэу зытетхыхьыр адыгэхэм я щэнхабзэм зэрызиужьа щІыкІэрт. Апхуэдэу, 1992 гъэм, абы къыдигъэкІа «Певцы земли родной» тхылъыр куэдым ягу дыхьат икІи зэман кІэщІым къриубыдэу зэбграхат.

Артист гуащІафІэр Налшык музыкэ училищэм и унафэщІу икІи и егъэджакІуэу илъэс куэдкІэ лэжьащ. И лэжьыгъэм къыдэкІуэу, ар жыджэру хэтащ республикэм и жылагъуэ Іуэхухэми. Мызэ-мытІэу Къуэдзокъуэр парторганизацэм и секретару, Къэрал филармонием и профкомым и унафэщІу хахыгъащ. Абы и гуащІэм къыпэкІуащ Дагъыстэн, Шэшэн-Ингуш, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Ростов областым я облисполкомым я ЩІыхь тхылъхэр.

Къуэдзокъуэ Владимир дунейм ехыжащ 1992 гъэм.



**ХЬЭГУАРЭ ДжэбрэІил.**

# Бзылъхугъэ зэчиифІэ

**Театр гъуазджэм зезыгъэужьахэм ящыщщ Темрокъуэ Риммэ Индэрбий и пхъур.**

ШКОЛ нэужьым ар щеджащ Ростов дэт къэрал театр институтым и актёр къудамэм. Щытхъурэ фІыщІэрэ иІэу а еджапІэр къиуха нэужь, Риммэ къыщалъхуа щІыналъэм къигъэзэжащ. ЗэманкІэ ар лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и диктору.

1971 гъэм Риммэ щІотІысхьэ Москва къалэм дэт Луначарскэм и цІэр зезыхьэ институтым и режессурэ къудамэм. Ар къеухри, 1976 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ ящІ. Риммэ къыхуагъэфэщащ «КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр.



**ЛЪЕИНШЭ ГъущІыпсэ.**

Адыгэ жылагъуэхэм я щІэнгъуазэ

№44

***КъБАССР-м и къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер Мухьэмэд и къуэм КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и къудамэр къиухащ.***

***«Советская молодежь» газетым и къудамэм и лэжьакIуэу илъэси 5-кIэ щытащ. 1965 - 1971 гъэхэм Зубер «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ. 1971 - 1994 гъэхэм ар КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарщ, и тхьэмадэщ.***

***Тхьэгъэзит Зубер усэ итхын щыщIидзар 1949 гъэрщ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ усэ, поэмэ куэд. Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» поэмэр, Пушкин Александр и «Евгений Онегин» романыр зэридзэкIащ.***

***Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ Тхьэгъэзитым Джылахъстэнейм триухуа и Iэдакъэщ IэкIхэр.***



## Сыщалъхуа щIым

Пхуэсщ1 лъагъуныгъэр бжьэ гуащIэщ,
Нэхъ гуащIэ хэт еIуба?
Уихуам -
Си Iэплiэм уислъхьэнти
Пхуэсщ1ынт семышу ба.

ЦIыху пэжхэм си гур хуэусэу
Уэращи сэ сызыпIар, -
Си гум уихункъым щIы фIыщIэу
Бydзышэ хужь сыщефар!

## Тэрч

Схуэхъуащ гущапIэ, Тэрч уи Iуфэр.
СыхыупIыкIащ уэ уи толъкъунхэм.
Си сабиигъуэ насыпыфIэр,
И лъэгум хэлъу къэзмакъ банэ,
Хэсщ Iуфэ пшахъуэм нобэм къэскIэ.
Сэ седжэ пэт -
Ар зи къэмыскIэ.

КъикIук-никIукIыу си щIалэгъуэр, -
Хуэзэшу пщащэм и нитI нагъуэм,
Гугъэр къэлыдрэ -
Бгъэр къиIэту,
Зэм уфIынкIыжрэ -
Кууэ щатэу,
Iутщ уэ уи Iуфэм нобэм къэскIэ.
Седжэ пэт - ари
ЗикI къэмыскIэ.

Сысабиижкъым,
СыщIалэжкъым,
Пэжщ, си жьакIэпи пысысыхькъым.
Ауэ си щхьэцым уэс къыхэсэм,
ЛIыжь баш къуэлэныр къызэуасэм, -
Иджы си теплъэм сибгынэнщ,
Уи Iуфэм ари IутIысхьэнщ
Къищу гупсысэ куэд и нэгу,
Сыщеджэм дежи зищIу дэгу.
Ажал Iэ щIыIэр къыслъэIэсым,
НэкIуэсэжынщи уи деж си псэр
ИщIынщ хэщIапIэ уэ уи Iуфэр, -
Щысынщ ар бзэншэу уэ уигъафIэу...

## Къэбэрдей

Сызэрыхъуххэу, си Хэку, ппэIэщIэ,
Щхьэ сэ зэхэсхрэ, жыIэт, нэхъ IупщIу
Налшыкыпс шкIурэм и ушэ макъыр,
Уи уэрэдыжьхэм ящIэт макъамэр?

ЖыIэт, сыхъуамэ сэ уэ ппIэIэщIэ,
Сыт щIызыхищIэр си гум нэхъ IупщIу
УщигуфIэгъуэм -
Гуапагъэу пхэлъыр,
УщигуIэгъуэм -
ЛIыгъэу бгъэдэлъыр?

ЖыIэт, сежьарэ хъум успэIэщIэ,
Сыт къыщIалъагъур нэхэм нэхъ IупщIу -
СыIуплъэхункIэ сызыщIу чэф -
Уи лъынтхуэ-Тэрчу псы уэр зэрытыр,
Къегъуэлъэхауэ пшэхэр зыщIэф
Уи Iуащхьэмахуэ и бгъэ щхьэнтитIыр?

Щалъхуа и лъахэм пэIэщIэ хъухукIэ
Сыт усакIуэбзэр нэхъ щIэбзэрабзэр?
...СфIощI нэгъуэщI гуэри щыIэу си Хэкум
И Хэкум гуапэу усэ хуигъэпсу!

## Си къуажэгъухэм я деж

ВжесIэнут:
«ФIыуэ фызолъагъур», -
Ар япэ къэсым къывжеIэф.
Фадэбжьи, хъуэхъуи фхуэсIэтынут, -
Бжьэ ептым -
Хэти мэхъуэхъуэф.

Бydзышэм щIыгъуу
Лъагъуныгъэр,
Сызыхалъхуахэ,къысхэфлъхьащ.
Ауэ усэбзэм а гурыщIэр
Ислъхьэну си пщэм къыдэфлъхьащ.

«ДэнщыIэ псалъэ -
КъэсIуэтэну
Фэ фи лъагъуныгъэу сигу къифлъхьар?» -
Зыщыфхуэзгъазэм -
Сэ сощIэжыр -
Мыращ жэуапу къызэфтар:

«Дэ угунэфу укъэтлъхуакъым,
Бынхэм етт псори плъыдгъэсащ.
Уи лъэм уиIыгъыу ухъуху нкIэ
Уи гущэм дэ дыщхьэщысащ.

Ухэтшэщ гъащIэм Iэпэр тIыгъыуи
БжетIащ гъуэгу махуи -
Упсэуху
Ди къуажэ щIыхьым уэ хэгъахъуэ,
Тхуэфащэу щыт,
Умыхуэмыху.

Лэжьыгъэрщ цIыхум дамэу тетыр,
Лажьэ,
ЛэжьакIуэм и пщIэр Iэт.
Ем - е епкуфу,
ФIым - уехъуэхъуу
Уэ зэман екIум екIуу хэт!»

Ауэ, фи напэр тезмыхами,
Щытхъу къыфхуэсхьыни слъэмыкIа.
Абы ирихъуу си гур ныкъуэ
Сэ илъэс дапщэ есхьэкIа?!.

ЛIэщIыгъуэ плIанэ къэзгъэщIащи,
Фи Iуэху сIуэтэну
Нобэм къэс
Сылъыхъуэ пэтми -
Псалъэ згъуэткъым...
Ар фи гум гуауэу лъывмыгъэс.

Сытетщ гъуэгуанэ,
Си щIалэгъуэщ, -
Гъэ куэд иджыри зэпысчынщ.
...Анэдэлъхубзэм хэзмыгъуатэм
Фхуэфэщэн псалъэ -
КъэзгъэщIынщ!

## Тэрч Iуфэ

1

Егугъуу жиIэу
И уэрэд кIэншэр
Тэрч ди къуажэбгъум
Щохъущ1э - уэрщ...
Гухэщ1щ сыт щыгъуи
Пэплъэныр пщIэншэу,
УкъэмыкIуэнуми
Сызэжьэр - уэрщ.

Мес ди жыг цIыкIури -
ХэпкIэн къудейуэ
Iутщ псым, зищIауэ
ЛъакъуэпцIэрыхь.
Абы и лъабжьэм
Дэ ныкъуэжыIэу
ЩытIуричахэр
Жьым ноби ехь.

Зэгуэр сэ уи гум
Щыхэсша лъагъуэр
Хадэ ужьыпкъэу
ЗэщIэкIэжащ.
Дэ дызэпсалъэу
Щыта толъкъунхэр
Куэд щIауэ хышхуэм
ХэкIуэдэжащ.

2

Инэнт лъэданэ
Сэ си гупсысэр,
ГукъэкIыж гуауэр
Хъунт гум имыкI,
Ауэ солъагъур:
Удзыпщ1э IэплIэ
ЩIэлъщ ди жыг лъабжьэм...
Зэи щIэмыфыкI.

Дэ дымыцIыхуу,
ДыкъамыцIыхуу,
КъокIуэр мыбдежым
Щысщ ныбжьыщIитI.
ГъащIэ толъкъуным,
ГъащIэм и жыыбгъэм
Ахэр иджыкIэ
ТкIийуэ пэщIэтщ.

Сохъуэхъу а тIум сэ:
ЗэхуащIа лъагъуэм
Епэр фIэкI - банэ
КъытемыкIэну.
Ди ныбжь щынэсми -
Зырызу мыхъуу -
Ахэр зэщIыгъуу
Тэрч къыIухьэну!

## ГукъэкIыжхэр

Сылутщ Тэрч Iуфэ сынэщхъейуэ;
ЛIэщIыгъуэ гъуэгухэр къэзыкIуа
Псы уэру щытар сфIощI мыхъейуэ...
Си сабиигъуэр дэнэ кIуа?

Абы и дежкIэ щIыр щиухыр
Мыбдежт.
Тэрч хыхэм я нэхъ инт.
Ди Арыкъ цIыкIур -
Iуащхьэмахуэт.
МэзылI гъуей мэзми щыбгъуэтынт.

Си сабиигъуэр,
Сигу щIэузыр
ИмыщIэу, жиIэу: «Мыри хэт?» -
Кърикъухауэ и кIартIузыр
Чыцэм къыхэплъу си щIыб дэт?

«Къамботрэ Лацэрэ» къеджэну
Уэздыгъэнэфыр пигъэна?
Тежаеу дадэ и арджэным
Мэлыхъуэ пщыIэм къытена?

Хуищ1у мы дуней псом гукъанэ
ЩIэрыкIуэ щыпэ кIуауэ къэт?
Е ар,
ИгъэгуфIэну нанэ
Пхъэ гъур къыхихыу мэзым щIэт?

Хьэмэ,
И ныбэр иуэжауэ,
Шхын фIэкI щымыIэу зэгупсыс,
Ди бжьыхьэ губгъуэм игъуэщауэ
Едзэгъуу нартыху цIынэм Щыс?
Къызощыр нэкIэ мэракIуейхэр, -
Жыг щхьэкIэм пысу сымылъагъу.
Щхьэ къыкъуэмыкIрэ -
СыкъэкIуати
Абы и деж сэ лъагъунлъагъу.

ЦIыхуитI зэмыщхьми -
Сабиигъуэм
Балигъхэр зэщхьу ныхуозэш.
Ауэ щымыIэ -
Я гур хуэгъуми -
Абы дакъикъэкIэ хуэзэж.

Сыт сщIэн?
ЗипIыт-зихузу си гум
Си балигъ гъащIэм сыхохьэж, -
Егъэзыхыгъуэ хъуа си гъуэгум,
СыкъызэплъэкIыу, сытохьэж.

Тэрч и толъкъуну сызэрадзэу
Си гукъэкIыжхэм сэ сахэтщ.
...Сигу щыщIэр чымпэу кърамыдзэу
Йожэх псыр.
Къуршхэри зэфIэтщ.



КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ, ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэхэм, Шэджэм щIыналъэм и администрацэм, Щхьэлыкъуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я коллективхэм гущIыхьэ ящыхъуащ щIэблэр егъэджэным, гъэсэным зи гъащIэр тезыхуа, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэта **Апажэ Ахьмэд Хьисэ и къуэр** дунейм зэрехыжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33. 12+

Номерыр „Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 Тираж 2.113 Заказ №1124